

Liv Enstrisksyon Jesyon Pwojè Developman apati Apwòch Kad Lojik la



Manuel Alba Cano

Materyèl sa a prepare pou Pwojè pou mete tout moun youn ak lòt nan kad Jesyon Minisipal ak Developman Lokal pou kore pwosesis ak plan devlopman asosyasyon minisipal yo

"Liv enstrisksyon sa a fèt nan lide pou plis moun posib rive jwenn li epi konsa pou li pote kole nan tout konesans ak brase lide. Se poutèt sa, nenpòt moun gen dwa fè kopi tout oswa yon pati ladan, depi yo site non sous kote yo pran l lan epi depi yo fè li san lide pou fè kòb avè l".

Sa ki nan liv la

1. Prezantasyon

2. Kisa nou dwe konnen nan yon pwojè

- 2.1. Kisa yon pwojè ye
- 2.2. Kouman yon pwojè fèt
- 2.3. Metòd Kad Lojik la
- 2.4. Metòd pou analiz patisipatif

3. Idantifikasiyon yon pwojè

- 3.1. Analiz kontèks la
- 3.2. Analiz patisipasyon an
- 3.3. Analiz pwoblèm yo
- 3.4. Analiz objektif yo
- 3.5. Analiz altènativ yo
 - 3.5.1. Analiz altènativ yo pa metòd FFOM
 - 3.5.2. Analiz altènativ yo pa metòd Pwa Pondere

4. Fòmilasyon pwojè a

- 4.1. Kreyasyon pwojè a
 - 4.1.1. Lojik ekstèn
 - 4.1.2. Faktè externos
 - 4.1.3. Endikatè ak sous verifikasyon
 - 4.1.4. Revizyon final
- 4.2. Planifikasyon yon pwojè *an detay*
 - 4.2.1. Kalandriye aktivite yo
 - 4.2.2. Bigjè
 - 4.2.3. Kad Lojik la an kaskad

5. Egzekisyon, Swivi, Evalyasyon y Vyabilite.

- 5.1. Egzekisyon
- 5.2. Swivi
- 5.3. Evalyasyon
- 5.4. Vyabilite
 - 5.4.1. Politik sipò
 - 5.4.2. Aspè enstitisyonèl
 - 5.4.3. Aspè finansye ak ekonomik
 - 5.4.4. Teknoloji ki pi bon an
 - 5.4.5. Aspè sosyo-kiltirèl
 - 5.4.6. Konsiderasyon sou anviwònman
 - 5.4.7. Enkòporasyon pèspektiv sèks

6. Anèks: Gid pwopoze pou dokiman fòmilasyon an

7. Lis pou tèm ki itilize yo


8. Referans ki rekòmande

1. Prezantasyon

Liv enstrisksyon sa a te fèt nan lide pou bay plis konesans ak moun kap fè pwojè pou devlopman epi pou mete tout moun youn ak lòt nan komin yo (COHESAL). Menm jan tou, se yon bon zouti ki fèt nan lide pou fè konprann pi byen kouman pou jere pwojè devlopman lokal nan komin ki òganize yo.

Nan dokiman sa a, yo eksplike zafè fè pwojè a nan bon ti manmit kote pwojè a planifye an 4 pati - ki pwojè - ekri pwojè a - fè pwojè a - gade kouman pwojè a ap fèt epi si li byen fèt. Se sa a ki te chwazi paske se li ki pi byen adapte avèk nouvo mòd jesyon pwojè devlopman yo. Liv enstrisksyon a ekri tankou yon gid pratik pou moun ki vle kòmanse fè pwojè devlopman, menm si li kapab itil tou pou tout moun ki gen eksperyans ki vle genyen plis konesans, li gen ladan tout sa ki enpòtan nan yon pwojè epi li bay egzanp.

Yon pwojè devlopman lokal se yon entèvansyon ki fèt nan lide pou fè devlopman ekonomik ak sosyal moun yo oswa gwoup yo vin pi bon. Tout moun pa fin dakò sou sa "devlopman ekonomik ak sosyal" vle di, ni sou ki jan pou fè li, men tout moun dakò ke devlopman sa a se yon pwosesis kap pran anpil tan, ki fèt sou andedan epi ki akimile. Se poutèt sa, li dwe pèmèt patisipasyon tout moun, li dwe reponn a enterè ak bezwen tout popilasyon an, li menm dwe mete ladan pwòp kapasite li ak resous ki egziste deja sou teritwa kote y ap viv la. Se nan sans sa a li te parèt enppòtan pou nou ankouraje nouvo wòl gwoup aksyon territoryal yo tankou gwoup ki pral ede devlopman an.



Anpil fwa, nou konstate twò souvan ki jan kèk plan devlopman pa reyalize objektif yo pou chanje kondisyon lavi popilasyon an, oswa paske depi nan lè yap kreye yo, yo pa reponn a bezwen yo, oswa paske rezulta yo pa kontinye pandan anpil tan. Gen anpil kòz ki ka fè yon pwojè devlopman pa pote bon rezulta, men pifò sòti nan yon move analiz sitiyasyon an, ak yon idantifikasyon oswa planifikasyon ki pa kòrèk. Se poutèt sa, twa pati sa yo pral diskite an detay nan dokiman sa a.

Liv enstrisksyon an kòmanse ak yon chapit kote y ap prezante kisa nou dwe konnen nan jesyon yon pwojè, epi apre sa twa chapit ki koresponn a chak pati yo: ki pwojè - ekri pwojè a - fè pwojè a - gade kouman pwojè a ap fèt epi si li byen fèt. Premye chapit la ap montre kouman pou wè si yon pwojè posib ak analiz ki nesesè yo. Apre sa, nou pral wè kouman pou ekri li, premyèman kouman pou kreye li epi apre kouman pou planifye li an detay. Epi nan fen an, nou pral montre pati kouman pwojè a ap fèt epi si li byen fèt, pandan n ap konsantre sou yon tèm ki rele vyabilite.

Liv enstrisksyon an genyen tou yon pati anplis ki gen ladan yon gid pou fè yon dokiman nan 10 etap senp pou ekri yon pwojè devlopman, yon lis ki eksplike mo ki pi enpòtan yo ak yon lis dokiman ki rekòmande pou li.

2. Kisa nou dwe konnen nan yon pwojè

Kisa yo pwojè ye

Kouman yon pwojè fèt

Metòd Kad Lojik la

Metòd analiz kote tout moun ap patisipe

2.1. Kisa yo pwojè ye

Yon pwojè se nenpòt entèvansyon ki gen kalite sa yo:

1. Li planifie.
2. Li fèt nan lide pou reyalize yon objektif.
3. Li gen yon kantite lajan byen kalkile.
4. Li gen yon limit tan byen defini.

Jan pou pwojè a fèt kapab aplike nan entèvansyon diferan gwo sè, dire oswa kantite lajan.

P.eg. Menm metòd yo kapab aplike pou divès pwojè tankou fòmasyon, bati yon mache kominal, amelyore ki jan pou fè administrasyon oswa mwayen pou yon komin kapab fè lajan.

Li enpòtan pou pa konfonn yon pwojè avèk yon **pwoesis ki se yon sistèm ki genyen diferan pati ki anchenen youn apre lòt**. Pwoesis la se yon aktivite ki pa gen yon dat pou li fini. Men anpil pwojè kapab yon kòz pou mete nouvo pwoesis

P.eg. Travay administrasyon nan yon Komin se yon pwoesis, men sa pa anpeche ke gen yon "pwojè amelyorasyon" nan pwoesis sa a. Yon pwojè pou founi dlo potab nan yon kominote, lè li fini, pral mennen nan yon pwoesis pou jere sèvis sa a.

Lè yon pwojè difisil, li posib pou separe li an plizyè lòt ki pi senp. Pafwa, lè n ap pale sou yon pwojè ki gen ladan anpil lòt, nou sèvi ak yon tèm ki rele **pwogram**, epi lè n ap pale sou pwojè ki se pati nan lòt ki pi gwo nou pral sèvi ak yon tèm ki rele **konpozant**.

P.eg. 1 pwogram ki gen ladan 2 pwojè, epi chak pwojè ki gen ladan 3 konpozant:

Pwogram pou founi Dlo Potab nan Komin Los Castores.

Pwojè Dlo Potab nan Kominote Santa María.

Konposant enfrastrikti nan Santa María.

Konposant edikasyon ak sansibilizasyon nan Santa María.

Konposant jesyon sèvis la (antretyen sistèm pou founi dlo a, etc.) nan Santa María.

Pwojè Dlo Potab nan Kominote Santa Rosa.

Konposant enfrastrikti nan Santa Rosa.

Konposant edikasyon ak sansibilizasyon nan Santa Rosa.

Konposant jesyon sèvis la (antretyen sistèm pou founi dlo a, etc.) nan Santa Rosa.


2.2. Etap yon pwojè

Nou ka konsidere 4 etap nan yon pwojè.

1^o Idantifikasiyon

Se premye etap pwojè a, nan pati sa, yo analize patisipan yo, pwoblèm yo, objektif yo ak altènativ yo, epitou elabore yon lojik pou entèvansyon an, ke tout pati ki konsène yo dakò sou li, ki dekri an jeneral objektif yo, rezulta yo ak aktivite yo.

Anpil fwa idantifikasiyon an baze sou **pwogramasyon** jeneral aksyon developman yo, ki nan plan kominal yo, oswa ki se dispozisyon kèk pwogram nasyonal envestisman publik, oswa ki fè pati nan estrateji koperasyon pou developman ajans koperasyon entènasyonal yo. Kèlkeswa kote yo sòti, anjeneral se sa ki ekri nan yon pwogramasyon espesifik ki oryante idantifikasiyon an.



2^o Fòmilasyon

Chèche detay pou tout karakteristik yon pwojè, ke ou kapab jwenn anplis enfòmasyon ki bay deja nan pati idantifikasiyon an, ta dwe gen ladan omwen endikatè reyisit objektif ak rezulta yo, sous verifikasyon endikatè sa yo, faktè ekstèn pwojè a ki kapab afekte li; Anplis de sa, etid ki fèt pou gade posibilité ekonomik, sosyal ak anviwòmantal, etc., kalandriye egzekisyon aktivite yo ak yon bidjè detaye.

3^o Egzekisyon - Swivi

Egzekisyon an se lè nap fè pwojè a nan lide pou rive jwenn ofiramezi tout rezulta ki espesifye nan dokiman fòmilasyon an epi kidonk pou reyalize objektif la. An menm tan avèk egzekisyon an, gen swivi a ki dwe fèt, ki se etid ak evalyasyon jan pwojè a ap mache, li konpare travay ki fèt la avèk travay ki te planifie a, epi sizoka ta gen gwo diferans, li aplike yon seri mezi pou koriye erè yo nan jan egzekisyon an ap fèt oswa nan fòmilasyon pwojè a.

4^o Evalyasyon

Evalyasyon an se fè yon estimasyon sou yon pwojè pandan ke l ap egzekite oswa lè li fini. Sa fèt nan lide pou kapab detèmine enpòtans objektif yo ak degré reyisit yo, efikasite a pa rapò ak devlopman, efikasite li, enpak li ak dirabilite li. Yon evalyasyon dwe bay bon enfòmasyon epi li dwe itil, sa ki pèmèt ofiramezi jesyon lòt pwojè yo fèt pi byen alavni.

2.3. Metòd Kad Lojik la

Se yon metòd pou jere etap yon pwojè devlopman. Li swiv "lojik" ki rele kòz-efè oswa mwayen-rezulta, nan lide pou li mete an rapò tout eleman ki nan yon entèvansyon. Metòd sa a kouvrir 3 domèn:

- 1^{re}. Analiz kisa entèvansyon an ye.
- 2^{èm}. Mete tout lide yo nan lòd epi nan yon estrikti.
- 3^{èm}. Prezantasyon pwojè a nan yon fason klè epi nòmal.

Pafwa gen kèk pwojè ki parèt tankou yo te ekri yo sou baz Metòd Kad Lojik la, alòs ke yo aplike metòd sa a pou ekri ak prezante pwojè a sèlman men pa tankou yon zouti pou analize sitiyasyon an oswa pou planifie lide yo yon fason pou tout moun patisipe. Sa a se yon erè ke nou dwe evite.

Bagay ki pi enpòtan yo ki nan yon pwojè ki fèt apati Kad Lojik la yo rezime nan **Matris Kad Lojik la**. Nan tout liv enstrisksyon sa a, nou pral eksplike tout sa ki andedan matris sa a.

MATRIS KAD LOJIK LA

	Lojik pou entèvansyon	Endikatè ke yo kapab verifye san patipri	Sous verifikasyon	Faktè ekstèn
Objektif Jeneral	Objektif ke yo espere pwojè a pral pote anpil ladan	Mezi (dirèk ak endirèk) pou reyalize O.J.	Enstriman pou mezire tout endikatè O.J la.	Evènman, kondisyon oswa desizyon, ki pa anba kontwòl pwojè a, ki nesesè pou rive jwenn O.J la.
Objektif Espesifik	Efè ke yo espere rive reyalize kòm rezulta pwojè a	Mezi (dirèk ak endirèk) pou reyalize O.E.	Enstriman pou mezire tout endikatè O.E la.	Evènman, kondisyon oswa desizyon, ki pa anba kontwòl pwojè a, ki nesesè pou rive jwenn O.E la.
Rezulta	Tout rezulta ke jesyon pwojè a dwe garanti ke yo ap rive jwenn	Mezi (dirèk ak endirèk) pou rive jwenn R.	Enstriman pou mezire tout endikatè R.	Evènman, kondisyon oswa desizyon, ki pa anba kontwòl pwojè a, ki nesesè pou rive jwenn R yo.
Aktivite	Tout aktivite ke pwojè a dwe egzekite nan lide pou li rive pote rezulta yo	Mwayen Byen ak sèvis ki nesesè pou reyalize pwojè a	Depans Konbyen kòb mwayen yo ap koute	Evènman, kondisyon oswa desizyon, ki pa anba kontwòl pwojè a, ki nesesè pou rive egzekite A yo.

2.4. Metòd pou analiz patisipatif

Metòd ki itilize pou analiz patisipatif yo se yon seri enstriman ki pèmèt fè yon analiz tout bezwen ki egziste ak solisyón posib yo, nan tèt ansanm avèk tout pati ki konsène yo. Yo rekòmande yo anpil

nan lide pou rive konnen "**bezwen nesesè**" nan yon gwooup ak divès opinyon ki genyen pou fè fas kare ak yo.

Nan plizyè liv enstrisksyon sou "apwòch kad lojik la", yo pwopoze metòd patisipatif ki rele **Atelye Kad Lojik la**: yon enstriman ki fasilité patisipasyon tout pati ki nan yon sitiyasyon difisil nan analiz la, nan chache solisyon yo, epi pou yo rive jwenn yon opinyon ke tout moun dakò sou li.

Atelye Kad Lojik la:


- Li dwe fèt nan zòn pwojè a.
- Tout pati ki konsène yo dwe patisipe ladan.
- Se yon moderatè endependan ki konnen sa Kad Lojik la ye ki dwe dirije li.
- Li dwe sèvi avèk kat ke moun yo ka li ki pale sou pati enpòtan yo.
- Li dwe kòmanse avèk prezantasyon tout enfòmasyon yo ranmase yo.

Patisipasyon moun kap jwenn benefis yo nan atelye yo ka konplike akòz kantite yo ak nivo edikasyon yo. Nan lide pou moun kap jwenn benefis yo kapab di sa yo panse epi di sa yo ta vle ki fèt anvan, yo ka patisipe nan atelye a si yo gen moun ki ka pale pou yo, oswa yo ka fè plizyè atelye pi senp kote plis kantite moun kap jwenn benefis yo kapab patisipe.

Se nan atelye a ke tout pati idantifikasiyon ak kreyasyon pwojè a ap reyalize (Analiz patisipasyon an, Analiz pwoblèm yo, Analiz objektif yo, Analiz estrateji yo, Lojik entèvansyon an, Faktè ekstèn yo, Faktè ki fè pwojè a gen chans reyisi, Endikatè ak Sous verifikasyon yo).

3. Idantifikasiyon yon pwojè

Analiz sitiyasyon an
Analiz patisipasyon an
Analiz pwoblèm yo
Analiz objektif yo
Analiz altènativ yo
 → Analiz altènativ yo pa metòd FFOM la
 → Analiz altènativ yo pa metòd pwa pondere yo



Nan etap idantifikasiyon an, **tout pati ki konsène yo** mete tèt ansanm pou defini baz yon pwojè, pandan y'ap kòmanse fè yon analiz bezwen nesesè yo, y'ap mete yo dakò sou kijan entèvansyon an pral fèt pou kapab reponn a bezwen sa yo.

Pwojè devlopman yo dwe atake an premye "**bezwen ki pi enpòtan yo**", paske si yo fè'l yon lòt jan l'ap difisil pou garanti sipò moun ki konsène yo lè entèvansyon an fini, paske yo pral sèvi avèk ti kras kòb yo genyen nan men yo pou yo kapab peye pou "**bezwen nesesè yo**", epi yo p'ap jwenn anyen pou lòt yo.

P.eg. Nan yon kominote kote pa gen dlo potab, mwayen pou rive jwenn dlo ka sanble yon "nesesite" pou yon ajan devlopman lokal oswa pou otorite minisipal yo. Sepandan, pou moun yo k'ap viv nan kominote a, li ka pa reprezante yon "bezwen enpòtan" paske yo pa konnen relasyon ki genyen ant dlo kontamine ak maladi. Bezwen sa a ka vin tounen yon "bezwen ki pi enpòtan" apre yon kanpay edikasyon ak sansibilizasyon.

Nan pati idantifikasiyon an, yo dwe analyze nan ki **direksyon priorite** divès kalite patisipan yo ale. Sizoka priorite yo pa ale nan menm sans lan, li pa rekòmande pou fòse kèk patisipan aksepte kritè lòt yo.

Pou rive tabli yon dyalòg ant tout pati ki konsène nan yon pwojè ki ta kapab rive fèt, fòk nou sèvi avèk **metòd dyagnostik patisipatif yo**, ki pèmèt prezante divès kalite opinyon yon fason dirèk. Nan anèks A.1 n'ap jwenn yon egzanp metòd analiz patisipatif la.

Menm jan an tou, li rekòmande anpil pou itilize teknik vizyèl yo ki pèmèt ekri lide prensipal yo nan yon kote pou tout moun ka wè. Liv enstrisksyon sa a eksplike **teknik kat yo** an detay, kote y'ap ekri chak lide sou yon ti kat an papye oswa an katon, ti kat yo pral kole oswa dekole sou yon tablo oswa sou miray la, nan lide pou tout patisipan yo kapab li yo.

Pou òganize yon atelye patisipatif avèk metòd kat la, li nesesè pou genyen: yon panno, yon tablo oswa yon miray, plizyè kat an katon oswa an papye (li pi bon si yo an koulè), kék makè epè ak tep adezif pou kole kat yo.

3.1. Analiz sitiyasyon an

Kòm pwen depa pou idantifikasyon an, gen yon ti etid tou kout ki dwe fèt – se yon voye je sou sitiyasyon ki egziste anvan entèvansyon an apati eleman sa yo:

- Karakteristik sosyodemografik.
- Karakteristik ekonomik ak politik.
- Idantifikasyon enstitisyonèl.
- Politik nasyonal ak lokal ki egziste deja epi ki gen rapò avèk pwojè a.
- Resous ki disponib yo

Objektif analiz kontèks la se pou gen enfòmasyon nesesè sou anviwònman kote entèvansyon an pral fèt la, sa ki pral ede nou nan lòt pati yo ki nan idantifikasyon an.

3.2. Analiz patisipasyon an

Pou analiz sa a ka fèt byen epi konplè, yo dwe eksplike en detay sitiyasyon an dapre enterè ak aktivite tout pati ki konsène yo, menm si anpil fwa n'ap jwenn divès kalite opinyon pou menm reyalite a.

Analiz patisipasyon an dwe:

1. Idantifye **tout** pati ki ka enterese, afekte oswa enplike nan nenpòt jan: moun ki kapab benefisyè yo, moun sa pral afekte, enstitisyon publik ak prive ki gen responsabilite oswa eksperyans, espesyalis, etc. Si gen anpil pati, yo ka mete yo ansanm pou analiz la kapab pi fasil.

P.eg. Nan yon pwojè dlo potab nou idantifye tout patisipan yo:

- **Moun kap jwenn benefis yo:** Popilasyon an, espesyalman fanm ak timoun, gwoup machann manje, komèsan, etc.
- **Moun sa pral afekte:** Mèt teren kote sous dlo a ye oswa kote enfrastrikti yo pral bati, machann dlo nan boutèy, etc.
- **Enstitisyon yo:** La Meri, Enstiti publik dlo ak asenisman, pwogram sante publik gouvènman an, ONG k'ap travay pou devlopman zòn nan, ajans finansman yo, etc.
- **Lòt:** Tout moun ki kanpe dèyè lide a, travayè sosyal yo, moun ki responsab menm kalite pwojè sa a nan lòt zòn ki pa twò lwen, enjenyè nan zafè dlo ak asenisman, etc.

2. Fè yon etid pi an detay sou **kék** gwoup. Petèt se pa tout pati yo ki enplike menm jan an nan pwojè ki kapab pral fèt la, se poutèt sa li nesesè pou chwazi sila yo ke nou konsidere ki pi enpòtan epi analize yo an detay dapre faktè ke nou konsidere ki pi bon yo (pwoblèm yo, enterè yo, potansyèl yo, etc.).
3. Defini **priyorite yo**. Li posib ke tout gwoup yo pa gen menm opinyon oswa menm enterè yo, se poutèt sa li nesesè pou prevwa goumen ki kapab pete nan mitan gwoup yo, epi deside kilès nan opinyon yo ki merite pou bal plis sipò.

P.eg. Li posib ke moun kap jwenn benefis yo ak moun ki pral afekte pa pwojè a gen enterè kontrè. Si nou chwazi bay enterè moun kap jwenn benefis yo priyrite, li nesesè pou mete nan pwojè a kèk aktivite pou dedomaje moun ki kapab sibi domaj yo, pandan ke n'ap chèche yon fason pou mete yo nan pwojè a kòm moun kapab jwenn benefis, oswa gade ki jan nou kapab bay moun sa yo yon konpansasyon.

Pri ak benefis pwosesis patisipasyon an

Pri	Benefis
<ol style="list-style-type: none"> 1. Ogmantasyon depans yo, pou fè aktivite yo ak kontra moun ki responsab yo an. 2. Konfli ki kapab geyen ant sa moun yo tap atann yo ki pral fèt la ak sa ki fèt tout bon vre a. 3. Lojik pwojè a febli. Nan sèten ka pwojè a vin pi laj, kidonk, li vin pi difisil pou teknisyen yo fè yon estimasyon depans yo ak benefis pwojè a paske yo kite moun kap jwenn benefis yo pran pifò desizyon yo. Sa fè ke evalyasyon an vin difisil. 4. Patisipasyon an vin twòp, sa nou sòt dekri nan pwen 3 a vin egzajere, kote teknisyen yo sèlman aji kòm moun ki la pou kòmanse pwojè a epi kòm moun ki la pou aktive pwosesis yo. Lè konsa, pwojè a chanje fòm li pa menm jan an ankò. 5. Posibilite ke bezwen yo ak demand yo prezante bay teknisyen yo se sa gwoup k'ap domine a vle oswa sa lidè yo vle, epi se pa sa popilasyon an vle. 	<ol style="list-style-type: none"> 1. Idantifikasiyon bezwen yo ak demand yo pi byen fèt, kidonk, li rive bay yon pi bon idantifikasiyon pwojè a. 2. Posibilite pou idantifye nouvo pwoblèm. 3. Estimasyon benefis ak depans pwojè a pi byen fèt. <ol style="list-style-type: none"> i) Paske li pi byen defini; ii) Paske gen plis enfòmasyon sou efè yo espere yo. 4. Ranfòsman lyen sosyal kominate ki enplike a. 5. Plis angajman moun kap jwenn benefis yo nan pwojè a, sa ki ogmante dirabilite li pou anpil tan.

Sous: CEPAL: *Liv enstrisksyon indantifikasiyon, fòmilasyon ak evalyasyon pwojè devlopman riral*, 1999



KESYON KLE

- Ki gwoup ki plis bezwen èd ekstèn?
- Ki gwoup ki gen plis chans pou mete men nan pwojè a?
- Ki konfli ki ka vin genyen lè nap sipòte sèten gwoup epi ki mezi nou ka pran pou evite konfli sa yo?

Matris analiz moun ki konsène yo	PA ANPIL ENFLIYANS	ANPIL ENFLIYANS
ANPIL ENPÒTANS	<p>Moun ki kapab jwenn benefis</p> <p>Yo ta dwe gen mezi espesyal si yo vle pwoteje enterè yo.</p>	<p>Moun ki kapab bay sipò</p> <p>Fòk yo tabli bon relasyon travay avèk moun ki konsène sa yo pou rive garanti yon tèt ansam ki bon pou pwojè a.</p>
PA ANPIL ENPÒTANS	<p>Moun ki pap fè patipri nan pwojè a</p> <p>Swivi ak evalyasyon limite. Se pa fasil ke y'ap mete men nan jesyon ak aktivite pwojè a.</p>	<p>Moun ki kapab kont pwojè a</p> <p>Yo ka reprezante yon sous pwoblèm pou pwojè a. Se pou fè atansyon anpil nan swivi ak jesyon yo.</p>
ENPÒTANS		
Se priyorte ke òrganizasyon an bay chak gwoup ak chak enstitisyon yo ke yo identifye.		
Enflyans		
Se kapasite gwoup yo genyen pou rezoud pwoblèm yo poukонт yo epi defi ki prezante yo pou kapab kontwole tout desizyon pwojè a, pandan y'ap fasilite oswa anpeche egzekisyon li.		

Tablo moun ki enplike yo

MOUN KAP JWENN BENEFIS YO		MOUN KI PAP JWENN BENEFIS YO	
Dirèk	Endirèk	Net	Opozan
Eskli		Defavorize	



3.3. Analiz pwoblèm yo

Nan analiz sa a, yo fè etid sou pwoblèm yon kominote epi yo klase yo dapre yon relasyon **kòz-efè** nan lide pou mete kanpe sa yo rele yon **pye bwa pwoblèm**, ki se yon dyagram ki reprezante **reyalite negatif aktyèl** la ke nou vle chanje gras a pwojè a.


Pou analiz sa a, an general yo fè yon **atelye fòmilasyon patisipatif** kote yo envite tout moun ki enplike pou vin patisipe, konsa rezulta final la pral gen plis koresponn a sa pifò moun vle, paske pwoblèm ke yo pral prezante yo pral gen rapò ak bezwen nesesè ki konsène tout moun.

Analiz pwoblèm yo dwe:

1. Detekte **tout** pwoblèm ki gen rapò avèk sijè ke n'ap analize an, san nou pa konfonn yon pwoblèm oswa yon **eta negatif** avèk sa yo rele "absans yon solisyon". Nou dwe ekri chak pwoblèm sou yon kat, epi sèlmnan yon gress pwoblèm sou chak kat.

P.eg. Si n'ap fè analiz pwoblèm timoun k'ap viv nan yon katye, "absans yon gadri kominal" se pa yon fason kòrèk pou prezanyte yon pwoblèm, se pito absans yon solisyon. Fason kòrèk la ta dwe pa egzanp "timoun ki pokò gen 4 lane ki pa byen okipe". Nan fason sa a, n'ap evite pou nou limite solisyon an sèlmnan a "konstriksyon yon gadri", epi nou rete dispoze pou resevwa lòt solisyon ki posib, tankou ogmate kantite plas ki genyen nan gadri ki déjà egziste yo, òganize gwoup manman pou yo fè la relèv pou okipe timoun yo, anplwaye moun pou okipe timoun yo lakay yo, etc.

2. Identifie **pwoblèm prensipal** la. Seleksyone tout pwoblèm ki parèt pi enpòtan yo, sètadi, ki gen rapò ak tout rès yo paske yo se kòz oswa konsekans li, epi kole kat yo nan mitan tablo a. Kat kote nou ekri pwoblèm sa yo ki se **kòz** prensipal pwoblèm yo, mete yo anba epi sa yo ki se **konsekans** prensipal pwoblèm yo, mete yo anlè. Ofiramezi tout pwoblèm yo ap vinn fè yon gwoup jiskaske nou ka rete ak yon sèl, se li menm ki pral pi enpòtan, e se li ke nou pral rete prensipal oswa santral.
3. Fè yon **pye bwa pwoblèm**. Tout pwoblèm yo òganize otou pwoblèm prensipal la, konsa kòz yo vinn anba, tankou **rasin**, epi efè yo vinn anwo, tankou **branch**. Lè n'ap fè egzèsis patisipatif sa a, kote tout opinyon yo gen valè epi yo pran tout an konsiderasyon, nou ka wè ke gen kèk pwoblèm ki se alafwa kòz ak efè (yo pral gen lòt pwoblèm anwo ak anba) oswa ke gen lòt pwoblèm ke nou te detekte nan etap 1 an ki pa gen okenn rapò avèk pwoblèm prensipal la epi yo rete apa.



Nou pa ta dwe defini pwoblèm nan tankou absans yon solisyon an patikilye, paske li limite rechèch lòt solisyon ki ka rezoud pwoblem nan.

SI DEFINISYON PWOBLÈM NAN KÒRÈK NAP DEJA FÈ MWATYE TRAVAY LA

**NOU PA GEN
LOPITAL**

TO MÒTALITE A WO

**PA GEN ASE
LEKÒL POU
TIMOUN YO ALE**

**GEN ANPIL ANALFABÈT
NAN POPILASYON AN**

Èske ou te konnen?

Lè la NASA te kòmanse voye astwonòt nan lespas, yo dékouvri tou swit ke okenn plim pat kapab ekri lè yo nan lespas.

Pou rezoud pwoblèm sa a, yo te fè yon divès kalite rechèch pou etidye epi jwenn solisyon pwoblèm nan.

Yo te pase yon ane epi yo te depanse 120 milyon dola pou yo te kreye yon plim ki te kapab ekri nan lespas, kit yo kenbe l tèt anlè, kit yo kenbe l tèt anba, anba dlo, sou prèske nenpòt ki sifas, menm sou kristal ak nan nenpòt tanperati depi anba zewo rive plis pase 300°C.

Moun Larisi yo menm te sèvi avèk yon kreyon...





KI PWOJÈ SA A YE?

- Yon moun k ap fè evalyasyon poze kesyon: Ki pwojè sa a ye?
- Teknisyen Direksyon Agrikilti yo reponn – Bon, nou vle ankouraje peyizan nou yo achte traktè.
- Pou kisa yo bezwen traktè?
- Sistèm pou raboure latè avèk kabwèt bèf la ansyen anpil. Si yo te raboure avèk traktè, yo t'ap fè sa pi rapid, pi fon, sa kapab ede byen bwase latè a epi fè bi bon plantasyon, sa kapab ede ogmante prodiksyon chak moso tè.
- Kidonk, baz pwojè a se pou "ogmante pwodiktivite" a, se pa "achte traktè". Nan ka sa a, li tap bon pou gade ki lòt mwayen ki egziste, apa traktè yo, pou ogmante pwodiktivite a.
- Poukisa peyizan yo pa achte traktè yo poukont yo? Pèsòn pa anpeche yo.
- Non, men li posib ke se paske yo pa ka gen mwayen pou sa.
- Alòs, fòk nou gade ki pwobleme ki anpeche yo achte traktè yo, amplis, poukisa pwodiktivite zòn sa a pa bon. Èske se akòz pa gen teknoloji? Oswa, yo pa gen bon kondisyon ekologik? Antouka, anvan nou pare pwojè a fòk nou konn baz pwoblèm nan, apre sa solisyon an ap vini poukont li.

Sous: CEPAL: *Liv enstrisksyon indantifikasiyon, fòmilasyon ak evalyasyon pwojè devlopman riral*, 1999

- | | |
|--|--|
| <ol style="list-style-type: none"> 1. Identifie pwoblèm ki egziste yo. 2. Jwen pwoblèm ki pi enpòtan an (santral, prinsipal). 3. Ranje lòt pwoblem yo pami kòz ak efè depandan de pwoblèm prinsipal la. | <ol style="list-style-type: none"> 4. Fè yon chema ki montre relasyon kòz ak efè yo. 5. Revize pye bwa pwoblèm nan epi fè ajisteman ki nesesè yo. 6. Kle a se (poukisa pwoblèm prinsipal la egziste?) |
|--|--|



ERÈ KI FÈT SOUVAN

- DEFINI PWOBLÈM YO SAN PATISIPASYON MOUN KAP JWENN BENEFIS YO
- EKSPRIME PWOBLÈM YO TANKOU YON ABSANS SOLISYON
- EKRI SOU KAT YO FÒMILASYON KI PA BYEN KLÈ OSWA KI METE PLIZYÈ PWOBLÈM ANSANM
- PREZANTE NAN PYE BWA PWOBLÈN NAN LYEZON KI PA KORESPONN A RELASYON KÒZ-EFÈ A
- IDANTIFYE YON SÈL KÒZ POU CHAK EFÈ MENM SI KA GEN PLIZYÈ




3.4. Analiz objektif yo

Nan analiz sa a pye bwa pwoblèm nan transfòme an yon **pye bwa objektif**, kote objektif ki dwe reyalize yo makònèn youn ak lòt dapre yon relasyon ki rele mwayen-rezulta. Pye bwa objektif yo se yon chema ki reprezante **reyalite pozitif lavni** ke yo vle reyalize avèk pwojè a, men ladan li enpòtan pou pa konfonn objektif yo oswa **eta pozitif** yo ki dwe dirab, avèk aksyon yo ki nesesè pou rive jwenn objektif yo.

P.eg. "Ranje wout yo "se pa yon fason kòrèk pou prezante yon objektif, men sa plis dekri yon yon aktivite. Yon pi bon jan pou eksplike objektif la te kapab konsa pito "wout kote machin kapab sikile pi byen pandan tout ane an".

Nan analiz objektif yo:


1. **Yo transfòme**, sòti anwo rive jouk anba, tout eleman ki nan pye bwa pwoblèm nan nou fè yo tounen objektif. Pwoblèm yo kounye a yo fòmile yo tankou divès kalite kondisyon pozitif. Si sa nesesè, ekri objektif la ankò nan lide pou li eksprime pi byen relasyon kòz – efè a. Si yo konsidere ke yon pwoblèm pa ka rezoud oswa yo deside pa fè anyen pou li, pinga mete li nan pye bwa pwoblèm nan.
2. **Yo revize** relasyon mwayen-rezulta yo, paske menm si yo transfòme pwoblèm yo pou yo tounen objektif, sa pa vle di ke yo transfòme relasyon kòz-efè yo otomatikman pou yo menm tou yo tounen relasyon mwayen-rezulta. Yo revize pye bwa a sòti anba rive anwo, epi, si sa nesesè, yo refòmile fason yo prezante objektif yo, yo elimine tout objektif ki sanble yo pap ka rive reyalize oswa ki pa nesesè, epi yo ajoute nouvo objektif, si sa nesesè. Li ta pi bon ke pwosesis sa a fèt yon fason patisipatif paske konsansis ki rive jwenn lè yo pran yon desizyon nan tèt ansamn pi bon pou entèvansyon an, li pral gen yon pi gwo enpak sou pwopozisyon final la.





Kesyon kle

Kesyon kle a nan chak ka yo se
KIJAN? oswa “B, C, D... se mwayen pou rive jwenn
A”



Egzanp ki jan pou di objektif yo

Gwo Ensidans Maladi
Moun Ka Pran Nan
Bwè Dlo

Ensidans Maladi Moun Pran Nan
Bwè Dlo Yo Redwi

Move Sèvis Medikal /
Sanité

Sèvis Medikal / Sanitè Yo
Amelyore

Pa Gen Rezo
Ekipman Pou Bay
Dlo


Yo Enstale yon Rezo
Ekipman Pou Bay
Dlo

Move Rekòt

Rekòt Amelyore

Kantite Lajan Ti Kiltivatè
Yo Fè a Diminye

Kantite Lajan Ti Kiltivatè
Yo Fè a Vin Plis



ERÈ KI FÈT SOUVAN



- DEFINISYON VAG EPI SAN PRESIZYON
- METE OBJEKTIF KI GEN PLIS PASE YON DIMANSYON DEVLOPMAN
- SOLISYON TWÒ KONPLIKE
- OPERASYON: PREZANTE SA KI PRAL FÈT (kou fòmasyon, mete ekipman, bati..)
- EPI PA PREZANTE REZILTA YO VLE RIVE JWENN
- GRAMATIKAL: DEKRI PWOSESIS YO OLYE DE SITIYASYON KE YO RIVE JWENN


3.5. Analiz altènativ yo

Nan sèten ka, yo kapab fè divès kalite entèvansyon pou rive jwenn menm objektif la. Nan pye bwa objektif yo divès kalite altènativ yo parèt nan "rasin yo" ki mennen nan objektif prensipal la. Avèk analiz altènativ yo nou dwe konpare divès opsyon yo nan lide pou chwazi estrateji pwojè ki prezante plis avantaj la.

P.eg. Pou reyalize objektif pou rive gen yon popilasyon ki gen mwens maladi, yo te jwenn 5 altènativ: (1) Bon fason pou itilize dlo potab ak latrin, (2) edikasyon sanitè, (3) aksè inivèsèl nan sant sante, (4) pèsonèl medikal prepare, (5) aksè a medikaman esansyèl yo. Apre yon analiz tout kalite altènativ yo, yo te deside chwazi yon estrateji preventif ki gen ladan altènativ (1) ak (2).

Nan analiz estrateji yo:

1. **Yo identife** altènativ ki posib yo nan pye bwa objektif yo. Nou dwe ekri chak altènativ sou yon kat.
2. **Yo elimine** objektif nou pa vle yo oswa ki enposib pou reyalize yo oswa ke yo atann pou reyalize gras a lòt pwojè ki deja ap egzekite nan zòn nan.
3. **Yo diskite** sou konsekans yo pou tout gwoup ke chak altènativ ap afekte, epi yo konpare yo pou chwazi pi bon an. Si yo pa rive jwenn okenn antant, li posib pou prezante kèk nouvo kritè analiz oswa amalyore opsyon ki parèt pi bon an pandan y'ap wete oswa mete kèk lòt eleman nan pye bwa objektif yo.



Pou yon diskisyon sistematik ak yon seleksyon ki plis san patipri, nou ka itilize metòd **FFOM** nan oswa metòd **pwa pondere** yo, toulède metòd yo byen eksplike pi ba a:

3.5.1. Analiz altènativ yo pa metòd FFOM

Nan metòd **FFOM** nan, pou chak altènativ yo analize:

- **Fòs:** tout avantaj ki asosye ak chak altènativ.
- **Feblès:** tout dezavantaj ki asosye ak chak altènativ.
- **Opòtinite:** tout avantaj nou ka pwofite nan anviwònman an.
- **Menas:** tout dezavantaj ki ka sòti nan anviwònman an.

<p>P.ej. Pou bay sèvis transpò pasaje nan yon nouvo katye, yo konpare 2 altènativ: Kreye yon koperativ transpò oswa anplwaye yon konpayi ki déjà egziste.</p>				
Altènativ	Fòs	Feblès	Opòtinite	Menas
Koperativ	<ul style="list-style-type: none"> + Kreye travay nan kominate a + Pi sansib a bezwen kominate a. 	<ul style="list-style-type: none"> + Pa gen eksperyans nan biznis transpò + Pa gen eksperyans nan jesyon koperativ 	<ul style="list-style-type: none"> + Machin yo ka itilize pou lòt sèvis + Revni siplémentè nan bay lòt kominate yo sèvis. + Éd pou koperativ yo 	<ul style="list-style-type: none"> + Konpetisyon avèk yon lòt konpayi ka kraze biznis la. + Dezakò ant patnè yo ka lakòz koperativ la kraze
Konpayi	<ul style="list-style-type: none"> + Senp + Rapid 	<ul style="list-style-type: none"> + Mwen souvan + Trete moun yon fason ki san lizay 	<ul style="list-style-type: none"> + Konpetisyon ant konpayi pèmèt negosye yon kontra ki prezante anpil avantaj + Yo ka chanje'l si li pa bay bon sèvis. 	<ul style="list-style-type: none"> + Pa respekte angajman yo

3.5.2. Analiz altènativ yo pa metòd Pwa Pondere

Se yon metòd ki sèvi avèk chif ki pèmèt kalkile valè chak altènativ, gras a etap ki prezante annapre yo:

1. Defini **kritè nou bezwen analize yo** sou baz opinyon moun ki enplike yo, tankou pri, tan egzekisyon, risk, vyabilite, etc.
2. **Ponderasyon** kritè sa yo ant 0 ak 10. Kritè nou konsidere ki pi enpòtan an ap gen plis pwen.
3. **Bay chak altènativ yon pwen** ant 0 ak 10 dapre chak kritè. Altènativ ki prezante plis avantaj la dapre kritè a ap gen plis pwen.
4. **Ponderasyon valè chak altènativ.** Miltipliye chak valè pa ponderasyon li.

P. eg._Nan lide pou bay sèvis transpò pasaje nan yon nouvo katye, yo konpare 2 altènativ:

1. Kreye yon koperativ transpò.
2. Anplwaye yon konpayi ki egziste deja.

Pati ki konsène yo mete tèt ansam pou yo defini kòm kritè pou evalyasyon, **pri inisyal** la, **pri antretyen**, **benefis sosyal**, **vyabilite** ak **tan** sa ap pran pou kòmanse, youn apre lòt yo chak gen yon valè ponderasyon 7, 9, 5, 10 ak 2 pwen kòm kritè evalyasyon. Apre sa, yo evalye nan tèt ansam chak altènativ yo dapre kritè ke yo te defini yo. Lè yo fin fè tout kalkil kòm sa dwa, yo jwenn ke altènativ koperativ la gen 173 pwen epi sa konpayi an 217, se rezon ki fè, pou moun sa yo, se altènativ konpayi a ki pote plis avantaj.

Kritè (Ponderasyon)	Pri inisyal (7)	Pri antretyen (9)	Benefis sosyal (5)	Vyabilite (10)	Demaraj (2)	Pwen
Koperativ Evalyasyon (Ponderasyon)	2 (2x7=14)	7 (7x9=63)	10 (9x5=50)	4 (4x10=40)	3 (3x2=6)	14+63+ 50+40+ 6=173
Konpayi Evalyasyon (Ponderasyon)	8 (8x7=56)	5 (5x9=45)	2 (2x5=10)	9 (9x10=90)	8 (8x2=16)	56+45+ 10+90+ 16=217

KRITÈ POU ANALIZ ALTÈNATIV YO

ALTÈNATIV POU EVALYE KRITÈ EVALIASYON KI POSIB	Altènativ 1	Altènativ 2	Altènativ 3	Altènativ “N”
Resous disponib Materyèl				
Resous disponib Moun/ Teknik				
Tan				
Konsantrasyon sou gwooup kap jwenn benefis yo				
Konfòmite avèk priorite yo				
Risk				
Enpak yo atann				
Vyabilite				
Lòt kritè ki posib				

DIVÈS KALITE KRITÈ



- **Teknik:** resous sifizan, itilizasyon resous local...
- **Finansye:** pri, vyabilite, bezwen deviz...
- **Ekonomik:** randman, pri/efikasite...

- **Enstitisyonèl:** kapasite, asistans teknik, entranc...
- **Sosyal:** patisipasyon local, motivasyon, limitasyon sosyo-kiltirèl, diferans akòz sèks...
- **Anviwònman:** pri ak efè...


4. Ekri pwojè a

Kreye pwojè a

Lojik entèvansyon
Faktè ekstèn
Endikatè ak sous
Revizyon final

Planifikasyon detaye

Kalandriye aktivite
Kantite lajan
Kad Lojik la an kaskad



4.1. Kreye pwojè a

4.1.1. Lojik entèvansyon

Lè nou fin chwazi altènativ oswa kijan pwojè a pral fêt, nou dwe al pran eleman prensipal yo nan pye bwa objektif yo epi transfere yo nan premye kolòn Matris Planifikasyon an.

Matris la dwe kòmanse ranpli depi anwo rive anba. Si sa nesesè, chanje jan li ekri a pou li ka pi egzak.

LOJIK ENTÈVANSYON AN

Objektif ki nan nivo
siperyè a, se pou li
entèvansyon an ap
fêt

OBJEKTIF
JENERAL

Objektif
entèvansyon an
menm

OBJEKTIF
ESPESIFIK

Fri aktivite yo,
nòmalman byen ak
sèvis

REZILTA


Travay ki fèt gras a
pwojè a

AKTIVITE

- Objektif jeneral:** Li dekri alavans objektif pwojè a pral kontribye ladann lan.
- Objektif espesifik:** Li dekri chanjman yo espere ke pwojè a ap pote pou moun kap benefisyé yo. Nou dwe ekri yon sèl objektif espesifik, ki koresponn anjeneral ak tit pwojè a.
- Rezulta yo:** Yo dekri yo tankou objektif oswa pwodwi ke egzekisyon pwojè a dwe garanti, epi ki kontribye dirèkteman pou jwenn objektif espesifik la.
- Aktivite yo:** Yo dekri yo tankou entèvansyon konkrè pou jwenn rezulta. Li enpòtan pou nou byen detèmine yo paske se sou yo nou pral baze pou nou wè klèman ki mwayen ak depans ki nesesè pou aktivite a fêt kòm sa dwa.
- Mwayen yo:** Resous materyèl ak resous ki pa materyèl ki nesesè pou mennen chak aktivite.
- Depans:** Valè lajan ki kalkile pou chak mwayen ki endike yo.

P.eg. Pwojè devlopman agrikòl jaden bannann ki wouze.	
O. Jeneral	Ti kiltivatè yo fè plis lajan
O. Espesifik	40 jaden bannann sou Ha. Ki wouze kap byen pwodwi
Rezulta yo	R1. 40 sistèm pou wouze jaden enstale R2. 40 moso tè plante ak bannan jwenn dlo pou wouze yo R3. Filyè komèsyalizasyon yo byen tabli
Aktivite yo	A.1.1. Dyagnostik pou 40 fèm A.1.2. Konstriksyon 40 pwi A.1.3. Acha, enstalasyon ak reglaj 40 ponp A.1.4. Fòmasyon 5 mekanisyen nan sistèm pou wouze jaden A.1.5. Konstriksyon 40 sistèm pou wouze jaden pa gravite
	A.2.1. Fòmasyon sou kiltivasyon bannann, sistèm pou wouze jaden ak lavant. A.2.2. Acha semans A.2.3. Plantasyon A.2.4. Vizit teknik
	A.3.1. Kreyasyon komisyon pou lavant A.3.2. Negosyasyon avèk entèmedyè yo ak achtè yo
Mwayen yo	Resous materyèl: 40 fèm, 40 pwi, 40 ponp, 40 sistèm irigasyon, 1 biwo, 1 machin. Resous imèn: 1 Koòdonatè, 1 teknisyen sou teren an, 1 administratè, 40 fanmi kap jwenn benefis.
Depans yo	142.000 US \$


Remak: Menm si nan egzanp sa a mwayen yo ak depans yo eksplike yon fason global, fason ki tap pi bon an se pou yo ta detaye yo pou chak aktivite, konsa n'ap kapab apre sa mete kanpe yon lis kantite lajan pou chak aktivite gress pa gress.



EGZANP

PWOJÈ SWEN SANTÉ PRIMÈ	PWOJÈ DEVELOPMAN AGRIKÒL	PWOJÈ TRANSPÒ PA LA WOUT
OBJEKTIF JENERAL Rediksyon mòtalite timoun.	OBJEKTIF JENERAL Ogmantasyon kantite lajan fanmi agrikiltè yo fè. Ogmantasyon enpòtasyon mayi ki sòti nan rejon an.	OBJEKTIF JENERAL Ogmantasyon kwasans ekonomik nan rejon X. Ogmantasyon kantite lajan pwodiktè nan B yo fè.
OBJEKTIF ESPESIFIK Rediksyon risk pou lasante manman an ak pitit la.	OBJEKTIF ESPESIFIK Amelyorasyon pwodiktivite kilti mayi.	OBJEKTIF ESPESIFIK Ogmantasyon komès ant A ak B.
REZILTA Gen yon pwoteksyon pou manman an ak pitit la ki pi efikas nan rejon X la.	REZILTA Kilitavè yo kapab aplike teknik ki pi efikas pou pwodiksyon mayi.	REZILTA Amelyorasyon aksè ant A ak B.
AKTIVITE <ul style="list-style-type: none"> Remete ti sant sante yo kanpe. Fòme pèsonèl lasante zòn riral yo. 	AKTIVITE <ul style="list-style-type: none"> Ekri bon kalite mesaj sensibilizasyon. Montre ajan sansibilizasyon yo nouvo teknik yo. 	AKTIVITE <ul style="list-style-type: none"> Fè yon wout ant A ak B. Ògannize antretyen wout la.

Erè nan mete lojik vètikal la alanvè: Pwojè “piramid” vs Pwojè antonwa



4.1.2. Faktè ekstèn

Eksperyans montre ke fè tout aktivite ki planife yo pa sifi pou rive jwenn rezulta yo, ni rezulta yo pa sifi pou rive jwenn objektif espesifik la. Gen lòt kondisyon ki nesesè men ki pa anba kontwòl dirèk pwojè a, yo rele yo faktè ekstèn.

P.eg. Pou rive jwenn rezulta ki di "teknisyen kominal fòme" yo fè fòmasyon pou yo, men sa pa sifi si apre sa teknisyen yo kite Komin nan. Se poutèt sa, kondisyon ki nesesè a (faktè ekstèn) pou rive jwenn rezulta a se pou "teknisyen yo rete travay pou Komin nan".

Faktè ekstèn yo ta dwe:

1. **Ekri tankou kondisyon pozitif**, ki eksplike nan yon fason operasyonèl pou yo ka fè swivi yo, si sa posib avèk kèk endikatè. Analiz la pral kòmanse apati anba pou rive anwo, pandan y'ap konekte diferan nivo yo nan Matris Planifikasyon an.

Si aktivite yo fèt **epi** faktè ekstèn sa yo ki konekte avèk aktivite yo respekte, n'ap rive jwenn rezulta yo. Si nou rive jwenn rezulta yo **epi** faktè ekstèn yo ki konekte avèk rezulta yo respekte, n'ap rive jwenn objektif espesifik la. Si nou rive jwenn objektif espesifik la epi faktè ekstèn yo ki konekte avèk objektif espesifik la respekte, n'ap rive jwenn objektif jeneral la.

2. **Fè yon evalyasyon ki baze sou enpòtans ak pwobabilite**, nan lide pou:

- Elimine faktè ki pa enpòtan yo.
- Elimine faktè ki gen gwo posibilité pou yo rive.
- Kenbe faktè ki kapab rive yo men ki pa fin si ke y'ap rive.

Si gen yon faktè ekstèn ki nesesè pou pwojè a rive fèt, epi ki pa fin si ke l'ap rive, faktè sa a pral konsidere kòm yon **faktè ki deranje**. Nan ka sa a li pral nesesè pou repanse pwojè a pou evite ke faktè sa a deranje li, epi si sa pa posib refòmile pwojè a, nou dwe eliminate pwopozisyon sa a nèt.

P.eg. Nan lide pou mete kanpe yon sèvis ranmasaj fatra avèk yon kamyon La Meri, li pral nesesè pou tout sitwayen yo peye yon frè \$25 pou sèvis la. Si nou pa fin si ke se yon bagay ki posib, paske frè a twòp pou anpil sitwayen, faktè sa a ta dwe konsidere kòm yon faktè ki deranje, epi estrateji sa a ta dwe eliminate. Nou ka konsidere yon lòt altènativ kòm pa egzant pataje kamyon an avèk kèk lòt Komin pou diminye depans pou antretyen kamyon an.

P.eg.

"Pri pwodwi agrikòl yo pap chanje".
"Fanmi yo ap dakò tout chanjman ki pote nan pwogram edikatif la".
"Pa pral gen okenn chanjman nan pèsònèl ki resevwa fòmasyon".
"Ministè Transpò gen yon pwojè pou'l fè wout pou machin kapab sikile (ki nesesè pou timoun ki gaye toupatou yo rive al lekòl)".
"Palman Repiblik la ap apwouwe Lwa sou Edikasyon nan 2 Lang".
"Ministè Edikasyon pral peye aryere salè bay pwofesè yo nan lide pou rejwenn konfyans yo".


Fè kèk sipozisyon sou:

- Pèfòmans òganism ki konsène yo.
- Kontraktè ak konsiltan yo.
- Ki jan moun kap jwenn benefis yo ap patisipe.
- Devlopman politik lokal oswa nasyonal la.
- Fenomèn natirèl yo, mache yo ak pri mondal oswa nasyonal yo, ak twoub sivil yo, etc.


Remak:

Limite kantite sipozisyon (ipotèz) yo, sa vle di chwazi sila yo ki pi enpòtan pou siksè pwojè a.
Apre sa, elimine sila yo ki prèske sèten yo, kidonk li pa nesesè pou konsantre sou yo.
Eseye idantife tout sipozisyon ki ta dwe enkli nan matris la ak sila yo ki ka vin transfòme an risk.

Yon metòd ki itil se analiz evalyasyon risk



Detanzantan li bon pou rekonsidere sipozisyon yo, omwen pandan yon revizyon anyèl, pou ajiste yo oswa siprime sila yo ki pa valab ankò epi ajoute lòt ki nouvo. Yon pwojè patisipatif ki byen panse, dwe gen ladan nouvo sipozisyon ofiramezi estrateji a ap chanje.



4.1.3. Endikatè ak sous verifikasyon

Endikatè yo se prèv moun ka wè epi ki pèmèt ou wè tout sa ki fèt, tout chanjman ki fèt. Avèk endikatè a nou tabli ki kondisyon ki montre ke nou rive jwenn objektif yo epi ke pwojè a bay rezulta.

Li enpòtan pou gen endikatè pou tout objektif yo ak rezulta yo, endikatè sa yo ka: premyèman kantitatif, ki baze sou kantite oswa kalitatif, ki baze sou kalite oswa ki baze sou konpòtman; dezyèmman, yo kapab swa dirèk oswa endirèk.

P.eg. Nan yon pwojè kote objektif la se gen yon popilasyon ki pi an sante, kantite timoun ki vin malad yo pral yon endikatè **kantitatif**, absans maladi gastwoentestinal pral yon endikatè **kalitatif**, epi lefèt ke timoun yo bwose dan yo pral yon endikatè **konpòtman**.

P.eg. Nan yon pwojè kote objektif la se pou fanmi yo rive gen plis lajan k'ap rантre nan men yo, lajan ke fanmi an genyen nan men li pral yon endikatè **dirèk**, men kòm se yon bagay ki difisil pou mezire, li posib pou itilize nan plas li kèk endikatè **endirèk**, tankou amelyorasyon ki fèt nan kay yo, lè yo achete nouvo rad, lè yo achete radyo oswa televizyon, etc.

Se sèlman pou objektif ak rezulta yo ki gen endikatè (pa genyen pou aktivite yo), epi nòmalman yo pa menm paske objektif yo gen rapò avèk késyon ki pi jeneral, kidonk endikatè yo pral pi jeneral; alòske rezulta yo gen rapò avèk pwoblèm ki pi espesifik.

Endikatè yo ap vin reprezante modèl prensipal la ke pwojè a ap itilize pou defini sa ki konsidere kòm siksè nan diferan nivo yo. Tout aspè kote pwojè a ap lakòz chanjman (volontè oswa enveloplè) Nou pap ka wè yo ankò si pa gen okenn mezi ki prevwa espesyalman pou mezire yo avèk endikatè yo.

Jan yo eksplike endikatè yo ap pote kole dirèkteman nan amelyore jan pwojè a ekri, paske rezulta yo ak objektif yo ap kapab defini avèk plis presizyon lè gen mekanis ki prevwa pou mezire yo.

*¿ Ki moun ki ka wè van?
Ni ou ni mwen nou pa wè li.
Men, kote pyebwa yo pliye tèt yo,
Se la ke van an ap pase.
(Van an, Christina Rosetti, 1830-1894)*

Yon endikatè ki byen eksplike dwe gen ladan **gwoup kap jwenn benefis la** (pou ki moun), **kantite a** (konbyen), **kalite a** (ki jan), **tan an** (ki lè), ak **lokalisasyon an** (ki kote).

P.eg. Yon endikatè pou yon objektif ki se fè moun jwenn plis dlo potab ta ka: 450 moun (**ki moun**) k'ap viv nan kominate San Luis (**ki kote**) jwenn toulèjou 30 lit (**konbyen**) dlo potab (**kisa**) chak jou nan ane a (**ki lè**).

P.eg. Nan dezyèm ane a (**ki lè**) apre yo te fin mete kanpe yon nouvo sistèm kolèk taks kominal (**ki moun**), nan Komin (**ki kote**) Bonito Oriental, vin genyen yon ogmantasyon 15% (**konbyen**) nan resèt fiscal yo.

Endikatè yo montre yon aspè enpòtan, epi yo dwe endepandan nan chak nivo Matris Planifikasyon an, **yo dwe kapab verifye yo san patipri**, yo dwe gen bon enfòmasyon epi yo dwe baze sou done ki disponib.

- a) **Divès kalite** endikatè

Li posib pou klase endikatè yo depandan ki kalite inite ki pral sèvi pou mezire yo ak nan ki mezi yo pre avèk objektif la.

- **Kantitatif:** Yo mezire nan inite fizik. **P.eg:** "Ogmantasyon nan kolèk taks kominal".
- **Kalitatif:** Yo pa ka mezire yo nan inite fizik, men sou konfòmite yo, li posib pou jije yo a pati yon echèl valè. **P.eg.:** "Amelyorasyon nan evalyasyon ke popilasyon an fè sou sèvis ranmasaj fatra".

Endikatè objektif jeneral la, ak petèt kèk endikatè objektif espesifik la, yo pral plis kalitatif, alòske endikatè rezulta yo pral plis kantitatif.

- **Dirèk:** Yo mezire yon chanjman ki gen yon relasyon byen sere avèk objektif la oswa rezulta ke yo espere jwenn nan. **P.eg.,** nan amelyorasyon kalite sèvis dlo potab la yon endikatè dirèk se "ogmantasyon kantite édтан yo bay dlo a".
- **Endirèk:** Yo detèmine konfòmite yon konpozant pwojè a, nan obsèvre varyasyon nan yon lòt faktè ki gen yon relasyon korespondans avèk li. **P.eg.,** yon endikatè endirèk amelyorasyon kalite sèvis dlo potab la ta kapab "kliyan yo plenyen mwens".

Endikatè dirèk yo an jeneral gen yon relasyon pi sere avèk efè ke yo vle mezire a, men pafwa sa ka koute chè oswa li ka konplike pou detèmine yo. Nan ka sa a, endikatè endirèk yo kapab reprezante yon opsyon ki pi bon. Men, avèk endikatè endirèk yo, gen yon pi gwo risk pou pa konsidere lòt faktè ki ka afekte chanjman li, yo ka bay yon fo endis sou reyalizasyon rezulta yo oswa objektif yo.

P.eg., si kòm yon endikatè amelyorasyon kapasite teknik jesyon yon Komin, nou pran "pwojè sèvis debaz ke La Meri ap fè yo ogmante", li posib ke ogmantasyon pwojè yo se akòz La Meri ap rantre lajan ki sóti nan èd entènasyonal, kidonk ogmantasyon pwojè ke La Meri ap fè yo se pa vreman akòz yon pi bon jesyon La Meri ap fè.

P.eg. Rezulta: fanmi peyizan yo manje pi byen ak patisipasyon fanm yo nan asanble kominal yo ogmante. Dimansyon "Moun yo manje pi byen" (ki jan nou pral verifye amelyorasyon an?):
1. Kalite manje yo epi 2. Kantite manje yo:

Seleksyon endikatè pou chak dimansyon.

Kalite manje yo

Kantite manje ki gen plis pwoteyin ogmante

Rejim alimantè pou siviv la diminye

Konsomasyon vitamin pami timoun yo ogmante

Konsomasyon lèt ak lòt pwodwi ki fèt avèk lèt pami timoun/fanm ansent ogmante

Kantite manje yo

Kantite repa pa jou/kantite manje ogmante

P.eg. Dimansyon "Ogmante patisipasyon fanm yo" (ki jan nou pral verifye amelyorasyon an?).

Kalite patisipasyon an

Pousantaj fanm ki nan pòs direktye ogmante

Kantite opinyon ke fanm bay ogmante

Fanm yo pwopoze nouvo tèm nan asanble yo

Fanm yo vin gen plis kapasite dyalektik (p.eg., pale, lojik ak prezante agiman)

Kantite patisipasyon yo

Plis jèn fanm patisipe nan asanble yo

An jeneral li pi bon pou jere plizyè endikatè pou chak objektif ak chak rezulta, epi mete ansanm endikatè dirèk ak endirèk yo.

b) **Karakteristik** endikatè yo

Pou yon endikatè valab epi pou w kapab sèvi avèk li pou fè swivi, men ki jan li dwe ye:

- **Li gen sans:** Endikatè a dwe rapòte li yon fason klè a yon aspè enpòtan objektif la oswa rezulta a.
- **Objektif:** Endikatè a dwe yon gen ladan reyalite tout bon vre a, li pa dwe chita sou evalyasyon ki gen pati pri. Li dwe ekri yon fason ke nenpòt ki patisipan ap entèprete li menm jan an.
- **Enpòtan:** Gen yon relasyon ant endikatè a ak objektif la oswa rezulta a, sa vle di ke si objektif ou vle mezire a varye, endikatè a ap varye tou yon fason pwopòsyonèl.
- **Posib:** Chanjman ke endikatè a ap mezire yo dwe sòti klèman nan pwojè a.
- **Endependan youn ak lòt epitou nan diferan nivo yo:** Sa vle di, varyasyon yon endikatè pa gen okenn enflyians sou chanjman nan kèk lòt. Chak endikatè dwe montre yon prèv siksè, kidonk li pa rekòmande pou itilize menm endikatè yo nan diferan nivo, li pi bon pou sèvi avèk kèk endikatè pou rezulta yo epi lòt endikatè pou objektif espesifik la ak objektif jeneral la.
- **Ou kapab verifye li:** Li dwe mennen nan menm rezulta yo, menm si se lòt moun ki fè mezi a nan diferan moman.

Endikatè yo dwe **negosye oswa chwazi nan tèt ansanm** avèk moun ki konsène yo, se yon fason pou asire'w ke tout moun konprann epi kore objektif pwojè yo. Kidonk, yo pral enpòtan pou moun kap jwenn benefis yo ki pral plis patisipe epi pote kole nan bay rezulta yo.

c) **Sansibilité** endikatè yo


Kòm endikatè yo pral reprezante eleman debaz enfòmasyon ki detèmine enpak pwojè a, li enpòtan pou yo pèmèt yon analiz diferansye dapre kèk faktè sosyo-ekonomik ki enpòtan, epi sitou nan sa ki gen pou wè avèk sèks. Nan ka sa a, an jeneral Meri yo konn gen enfòmasyon byen separe sou kantite fanm ak gason, men se yon aspè ki enpòtan pou mete resous pou li.

SOUS VERIFIKASYON YO SÈVI POU REPONN KESYON: KIJAN POU NOU JWENN PRÈV LA ?

Mwayen oswa pwosedì ki sèvi pou konnen eta endikatè yo

Nou dwe espesifye:

- Fòma pou prezante enfòmasyon yo
- Ki moun ki dwe founi enfòmasyon yo



Lè n'ap defini endikatè yo, li nesesè tou pou presize ki jan yo pral mezire yo, se sa ki rele **sous verifikasiyon**. Si yon endikatè pa gen yon sous verifikasiyon, nou dwe ranplase li pa youn ki genyen. Si sa posib, nou dwe sèvi avèk sous ekstèn ki fyab, si yo disponib. Nan nenpòt ka li nesesè ke rasanble done yo pa koute twò chè an konparezon avèk benefis ke sa pral pote. Si pwosesis rasanble done a pa ka fèt, nou ta dwe chwazi yon lòt endikatè.

P.eg. Pou endikatè "kantite timoun ki malad" la, se rejis Sant Sante a ki sèvi kòm sous verifikasyon. Pou endikatè yon fòmasyon ou ka itilize kèk sous tankou lis prezans lan, egzèsis ekri epi korije yo, oswa kopi egzamen alekri evalyasyon an.

P.eg. Pou endikatè "3500 kay, chak pou yon sèl fanmi kiltivatè ki pa gen anpil lajan kap rantre nan men yo k'ap viv nan **Nueva Segovia** te achté nan mwa Jiyè 2011", men ki sous verifikasyon ki itilize:

- Rejis lavant ki genyen nan Biwo Byen Imobiliye avèk nimewo ak dat lavant lan.
- Done ki disponib a pati sondaj ki te fèt yo sou nivo revni achtè yo.
- Done ki disponib nan Biwo Byen Imobiliye sou kote achtè yo te rete anvan.

Avèk endikatè yo epi sous verifikasyon yo, nou gen baz pou nou fè swivi ak evalyasyon pwojè a.

Pou rezime, sous verifikasyon yo ta dwe gen karakteristik debaz sa yo:

- Fyab: Enfòmasyon an gen garanti sètitid.
- Aksesib: Enfòmasyon an disponib.
- Rapò pri/enfòmasyon rezonab.

4.1.4. Revizyon final

Lè Matris Planifikasyon an fin ranpli, li rekòmande pou bay kèk moun ki pa't patisipe nan ekri pwojè a revize li, nan lide pou asire ke nenpòt ki moun kapab konprann li epi ke ou pa blyie anyen. Li ta bon pou gen yon lis verifikasyon pou pa blyie anyen ki enpòtan pandan revizyon an.

Men yon egzanp **lis verifikasyon**:

- Èske lojik entèvansyon an kòrèk epi konplè?
- Èske endikatè yo ak sous verifikasyon yo objektif, aksesib epi verifyab?
- Èske kondisyon alavans yo reyalis?
- Èske sipozisyon yo sifilan epi reyalis?
- Èske risk yo akzeptab?
- Èske pwobabilite reyisit la konsidere kòm sifilan?
- Èske yo konsidere faktè vyabilite yo epi, si sa nesesè, èske yo transfòme yo an aktivite, rezulta ak sipozisyon?
- Èske moun kap jwenn benefis yo kapab peye depans pou antretyen rezulta pwojè yo?
- Èske etid adisyonèl yo ase?

Li rekòmande pou fè yon **liy debaz** pwojè a anvan li kòmanse fèt, nan lide pou konnen egzakteman ki chanjman pwojè a pote. Li pa nesesè fè yon dyagnostik konplè sitiyasyon an, tou senpleman nou dwe konnen tout done sou pwoblèm kote nou vle chanje an. Sa vle di: nou dwe kalkile tout pwoblèm ki idantife yo oswa fè yon premye mezi endikatè yo.

Egzanp liy debaz pou yon pwojè sante

(a) Pwoblèn idantife epi analize	Anpil timoun ap mouri pami sa ki gen laj ant 0 ak 5 lane nan zòn riral yo
(b) Kòz pwoblèm yo idantife epi analize	(1) kondisyon sanitè nan lopital yo (2) timoun yo soufri kwatchòkò (3) nivo edikasyon manman yo ba
(c) Done sou kondisyon inisyal pwoblèm nan (fizik, ekonomik, sosyal, seks, finansye, enstitusyonèl, anviwònman, etc.)	(1) "X" kantite lopital ki pa gen kondisyon debaz pou asenisman nan seksyon pou timoun yo (2) "X" % pèsonèl enfimye ki gen sèlman "Y" ane fòmasyon (3) "X" % timoun ki gen mwens pase 5 lane ki gen sèlman "Y" nivo nitrisyon (4) "X" % manman ki fè sèlman "X" lane lekòl prime, etc.

4.2. Planifikasyon yon pwojè an detay

Pou byen planifye yon pwojè, li nesesè pou jwenn kolaborasyon moun ki kalifye, ki gen eksperyans nan egzekisyon kalite pwojè sa yo, epi ki gen konesans ajou sou aktivite ki nesesè pou jwenn rezulta yo, dat limit yo ak pri yo.

Yon pwojè kapab planifye avèk divès degré detay. Nan pati ekri yon pwojè li nesesè pou fè yon **kalandriye endikatif** aktivite yo, sa ki pral pèmèt nou fè yon lis kantite depans ki gen yon ti maj erè sèlman. Li konseye tou pou defini ki jan responsabilite yo distribye epitou **plan swivi** a. Lè tout eleman sa yo fin defini, tout pati ki konsène nan pwojè a dwe okouran de yo epi dakò avèk yo.

Apre yo fin dakò pou finanse yon pwojè, epi anvan li kòmanse fèt, nou dwe fè yon planifikasyon pi an detay, ki pral pèmèt nou prepare **lis depans yo**.

P.eg. Plan pou bati yon biling reprezante ant 3 ak 5% pri total la, se poutèt sa yo pa fè yo toutotan finansman pwojè a pa fin si. Alòs, pou prepare lis depans yo, yo fè yon pwojè preliminè kote pri yo pa fin egzak nèt, pa egzanp dapre kantite mèt kare, ki kalite konstriksyon, ki kalite finisyon, etc.

4.2.1. Kalandriye aktivite yo

Nan yon kalandriye yo bay detay sou tout aktivite ki dwe reyalize yo ak peryòd yo pral fè yo an. Chema ke yo plis itilize a akòz senplisite li rele **dyagram GANTT**. Nan premye kolòn nan yo mete aktivite ki dwe reyalize yo epi nan lòt kolòn yo, peryòd tan yo dwe itilize pandan y'ap sèvi avèk inite pou mezire tan ki pi bon an (jou, semèn, mwa oswa ane). Pou chak aktivite yo make peryòd la oswa peryòd yo kote li pral fèt a.

P.eg. Pou rive jwenn rezulta "10 sistèm irigasyon enstale" a, yo te swiv kalandriye sa a.

Aktivite	janvye	fevriye	mas	avril	me	jen
Dyagnostik fèm yo						
Konstriksyon pwè yo						
Enstalasyon ponp yo						
Fòmasyon mekanisyen yo						
Enstalasyon sistèm pou wouze jaden yo						

Li enpòtan pou konsidere ke se pa tout aktivite yo ki kapab fèt nenpòt ki epòk nan ane, sa pral depann de sezon an, etap travay la, etc. Gen lòt fwa, kalandriye egzekisyon yon pwojè depann, pa egzanp, de dekesman lajan yo, sa ki pral fòse ajiste kalandriye a sou disponiblite ki genyen nan lis depans yo.

P.eg. Gen mwa fiks pou fè jaden, sa depann ki pwodwi w'ap plante a. Se poutèt sa, fòmasyon pou kiltivate yo dwe fèt anjeneral nan epòk pa gen anpil travay nan jaden. Menm jan an tou, reparasyon wout difisil pou fèt nan epòk lapli.

4.2.2. Lis depans yo

Nan yon lis depans, yo detaye tout depans ki gen nan pwojè a. Ajeneral yo detaye yo pou chak **aktivite**, oswa chak **atik**.

P.eg. Lis depans pou chak aktivite pou rive jwenn rezulta pou "sistèm pou wouze jaden enstale" an US \$ (Dola Ameriken).			
Aktivite	Kantite	Pri chak atik	Pri total
Dyagnostik fèm yo	15	100	1.500
Konstriksyon pwi yo	6	300	1.800
Enstalasyon ponp yo	8	1.000	8.000
Fòmasyon mekanisyen yo	3	500	1.500
Enstalasyon sistèm pou wouze jaden yo	10	2.000	20.000
Total			32.800

Anjeneral nan yon bidjè yo mete tout depans ki pral fèt pandan tan pwojè a ap fèt lan.

P.eg. Lis depans pou chak atik ak pou chak trimès pou yon pwojè pou "sistèm pou wouze jaden enstale" an US \$ (Dola Ameriken).					
Atik	1ye trimès	2yèm trimès	3yèm trimès	4yèm trimès	TOTAL
Konstriksyon	3.900				3.900
Ekipman		5.600	5.600		11.200
Pèsonèl	5.000	5.000	5.000	5.000	20.000
Vwayaj	1.000	1.000	1.000	1.000	4.000
Enprevi				1.000	1.000
Depans administratif	1.000	1.000	1.000	1.000	4.000
Total	10.900	12.600	12.600	8.000	44.100

Lè yon pwojè gen plizyè donatè, anjeneral yo endike nan lis depans yo ki valè lajan yo chak ap bay.

P.eg. Lis depans pou chak atik ak plizyè donatè pou yon pwojè pou "sistèm pou wouze jaden enstale" an US \$ (Dola Ameriken).				
Atik	Kominote	La Meri	Ajans finansman	TOTAL
Konstriksyon	3.900			3.900
Ekipman			11.200	11.200
Pèsonèl	5.000	5.000	10.000	20.000
Vwayaj		2.000	2.000	4.000
Enprevi		1.000		1.000
Depans administratif		2.000	2.000	4.000
Total	8.900	10.000	25.200	44.100

4.2.3. Kad Lojik la an kaskad

Lè yon plan pwojè konplike, li ka divize an plizyè pwojè pi senp, men ki ekri tankou yon sèl **pwogram**. Pou tout pwojè sa yo kapab mache ansanm youn ak lòt, yo sèvi avèk metòd ki rele Kad Lojik an kaskad la.

Pwosedi pou swiv la senp. Nan premye kolòn yon matris, yo mete lojik entèvansyon (objektif jeneral, objektif espesifik, rezulta yo ak aktivite yo) pi gwo pwojè a. Nan kolòn apre yo, yo mete lojik entèvansyon tout entèvansyon ki reprezante divizyon premye kolòn nan, men kòmanse apati youn nan kaz ki anba yo.

Konsa, objektif espesifik entèvansyon prensipal la vin menm bagay avèk objektif jeneral sila yo ki vin apre yo, rezulta objektif jeneral sila yo vin menm bagay avèk objektif espesifik yo, epitou, aktivite entèvansyon prensipal la avèk rezulta lòt yo, kidonk yo toujou koresponn youn ak lòt.

P.eg. 1 pwogram avèk 3 pwojè:

Pwogram Sante Debaz nan Komin San Francisco de Macorís.

Pwojè Sant Sante.

Pwojè Edikasyon Sanitè.

Pwojè Dlo Potab.

Pwogram Sante Debaz	Pwojè Sant Sante	Pwojè Edikasyon Sanitè	Pwojè Dlo Potab
O.J: Kondisyon lavi vin pi bon			
O.E.: Kondisyon sante debaz vin pi bon	O.J.: Kondisyon sante debaz vin pi bon	O.J.: Kondisyon sante debaz vin pi bon	O.J.: Kondisyon sante debaz vin pi bon
R1. Sant Sante ap fonksyone R2. Popilasyon edike nan zafè sante debaz. R3. Dlo potab nan kominote a	O.E. Sant Sante ap fonksyone	O.E. Popilasyon edike an sante debaz	O.E. Dlo potab nan kominote a
A1.1. Sant bati A1.2. Sant ekipe A1.3. Pèsonèl fòme A2.1. Ajan ki pou fè pwomosyon lasante ap pran fòmasyon A2.2. Ti feyè pou bay eksplikasyon A3.1. Enfrastrikti pou kapte, ponpe, estoke epi distribye dlo. A3.2. Komite dlo. A3.3. Popilasyon edike	R1. Sant bati R2. Sant ekipe R3. Pèsonèl fòme	R1. Ajan ki pou fè pwomosyon lasante ap pran fòmasyon R2. Ti feyè pou bay eksplikasyon	R1. Enfrastrikti pou kapte, ponpe, estoke epi distribye dlo. R2. Komite dlo. R3. Popilasyon edike
<i>Aktivite</i>	<i>Aktivite</i>	<i>Aktivite</i>	<i>Mwayen</i>
<i>Mwayen</i>	<i>Mwayen</i>	<i>Mwayen</i>	
<i>Pri</i>	<i>Pri</i>	<i>Pri</i>	

Egzekisyon, Swivi, Evalyasyon ak Vyabilite


Egzekisyon

Swivi

Evalyasyon

Vyabilite

- Politik sipò
- Aspè enstitisyònèl
- Aspè finansye ak ekonomik
- Teknoloji
- Aspè sosyo-kiltirèl
- Konsiderasyon anviwònmantal
- Enkòporasyon pèspektiv sèks



5.1. Egzekisyon

Nan egzekisyon an, yo fè pwojè a dapre kondisyon ke yo te dakò sou yo depi lè y'ap ekri pwojè a.

Gen plizyè **mòd egzekisyon** yon pwojè. Si se menm enstitisyon k'ap bay finansman an k'ap egzekite li, yo rele sa **egzekisyon dirèk**. Si se yon lòt enstitisyon k'ap egzekite li yo rele sa **egzekisyon endirèk**. Si se yon konpayi k'ap egzekite li yo rele sa **soutretans**. Si se yon

kombinezon plizyè nan modalite nou sòt dekri yo, yo rele sa yon **egzekisyon miks**. Li enpòtan ke relasyon ki genyen ant pati yo byen detaye nan yon **akò oswa yon kontra** ke pati ki konsène yo dwe siyen anvan egzekisyon pwojè a kòmanse.

Nan yon **akò** yo dwe espesifye, omwen, pati ki konsène yo, responsab pwojè yo, objektif yo, rezulta yo ak aktivite yo, dat limit yo (dat kòmansman ak dat fen), lis sdepans yo ak pwosedi dekesman yo, pwosedi jistifikasyon depans yo, pwosedi swivi pwojè a, pwosedi pou fè chanjman nan sa ki genyen andedan pwojè a si sa nesesè ak mekanis pou rezoud konfli.

Nan kòmansman pwojè a, yo dwe ekri **plan operasyonèl** la, se nan li ke yo pral detaye chak aktivite yo, mwayen ki nesesè pou yo kapab egzekite'l kòmsadwa, depans ki kalkile apeprè yo, responsab teknik pwojè yo oswa asistans teknik ekstèn, epi dat kòmansman ak dat fen li.

P.eg. Pwojè ranfòsman enstitisyonèl La Meri Heredia nan zafè pwomosyon developman													
Rezulta 1: Komin Heredia planife devlopman li													
Aktivite	Mwayen	Pri	Responsab	1 Ane									
				1	2	3	4	5	6	7	8	9	0
Plan developman kominal	Konsiltasyon	4.000	Konsilтан	x	x	x	x						
	Atelye	1.500	Fasilitatè		x		x			x			
	Piblisite	500	Kominikatè							x			
Ajans Devlopman Kominal	Pesonèl	12.000	Teknisyen	x	x	x	x	x	x	x	x	x	x
	Ekipman/Machin	20.000	Administratè	x	x								
	Lokasyon	3.000	Administratè	x		x		x		x	x	x	x
Rezulta 2: Komin Heredia ap jere teritwa li													
Plan amenajman teritoryal	Konsiltasyon	2.000	Konsilтан					x	x	x	x		
	Atelye	1.500	Fasilitatè					x		x		x	
	Piblisite	500	Kominikatè										x
Tab konsètasyon sitwayen	Atelye	800	Direktè										
	Materyèl jetab	200	Administratè										
Depatman ibanis	Pesonèl	4.000	Teknisyen	x	x	x	x	x	x	x	x	x	x
	Ekipman	3.000	Administratè	x	x								
	Lokasyon	0	Administratè	x		x		x		x	x	x	x
Rezulta 3: Komin Heredia ap ankouraje kreyasyon travay													
Pwogram kominal entegrasyon pwofesyonèl	Konsiltasyon	2.000	Konsilтан					x	x	x	x		
	Atelye	1.500	Fasilitatè					x		x		x	
	Piblisite	500	Kominikatè										x
Kanpay pou anplwaye jèn moun	Enprime	1.800	Administratè										
	Radyo / TV lokal	2.200	Administratè										
Biwo kominal travay	Pesonèl	6.000	Teknisyen	x	x	x	x	x	x	x	x	x	x
	Ekipman	2.000	Administratè	x	x								
	Lokasyon	0	Administratè	x		x		x		x	x	x	x

Menm jan an tou, li rekòmande ke chak moun k'ap travay nan pwojè a devlope **pwòp plan travay** li apa.

P.eg. Plan travay pou mwa me yon teknisyen agrikòl ki gen misyon sipèvize 10 fèm epi fè atelye fòmasyon													
Aktivite	Jou nan mwa me												
	1	2	5	6	7	8	1	1	1	1	1	2	2
Vizit nan fèm n° 1	x							x					
Vizit nan fèm n° 2		x							x				
Vizit nan fèm n° 3			x							x			
Vizit nan fèm n° 4				x						x			
Vizit nan fèm n° 5					x						x		
Vizit nan fèm n° 6						x						x	
Vizit nan fèm n° 7							x					x	
Vizit nan fèm n° 8							x					x	
Vizit nan fèm n° 9								x				x	

Vizit nan fèm nº 10					x				x		
Atelye fòmasyon sou plante jaden					x						
Atelye fòmasyon sou angrè										x	
Reyinyon kowòdinasyon		x		x			x		x		
Preparasyon rapò											x

Nan kòmansman pwojè a li enpòtan pou fè yon **premye mezi endikatè yo** pou konnen nan ki pwen sa te ye anvan pwojè a te kòmanse epi pou kapab wè klè nan fen an veritab transfòmasyon ke pwojè a pote.

5.2. Swivi

Swivi yon pwojè se sipèvizon egzekisyon pwojè a toutan oswa detanzantan. Nan sans sa a, se pa sèlman evolisyon fizik pwojè a nou oblige swiv, sa vle di, tout aktivite ke nou fè yo, oswa byen ak sèvis ke nou te ede mete kanpe, men nou dwe swiv tou chanjman ak enpak yo, volontè oswa envelopontè, ke pwojè a pote.

Se poutèt sa, pandan pwojè a ap fèt, li nesesè pou fè swivi tout pwogrè yo epi konpare yo avèk sa ki te planife okòmansman, konsa, sizoka ta gen kèk **chanjman negatif**, pou gen tan pran kèk **bon mezi** oswa, si sa nesesè, re-ekri pwojè a.

Tout moun k'ap patisipe nan pwojè a dwe fè swivi a **chak jou**. Men, detanzantan nou dwe prezante rapò alekri, ki gen ladan, pou chak peryòd, deskripsyon jeneral pwogrè pwojè a konsènan objektif yo ak rezulta ke yo espere jwenn yo, aktivite yo reyalize yo, lis depans ki déjà fèt yo, mizajou kalandriye a si sa nesesè, mizajou previzyon lis depans yo, evalyasyon swivi a epi rekòmandasyon ki pi enpòtan yo.

P.eg. Swivi mete kanpe yon fon kredi

AKTIVITE KI PREVWA

Deskrpsyón: Mete kanpe yon fon kredi
Resous: Pèsonèl
Pri: 30.000 US \$

PERYÒD: Sòti 1/1/2010 rive 30/6/2011

Sitiyasyon: Fini, An Pwogrè, Pa Fèt, Repwograme, Ranvwaye.

Eksplikasyon tou kout: Fon kredi a kreye, li kreye epi koperativ la dakò sou li. Chak pwodiktè siyen yon kontra kredi ki mete kondisyon yo pou sa ka fèt. Fon an te finanse mekanizasyon, semans ak pwodwi fitosanitè pou chak pwodiktè, nan yon kantite lajan varyab ki depann de kantite tè ke yo chak te plante.

PERYÒD: Sòti 1/7/2011 rive 31/12/2011

Sitiyasyon: Fini, An Pwogrè, Pa Fèt, Repwograme, Ranvwaye.

Eksplikasyon tou kout: Jan sa te prevwa, yo déjà remèt 40% nan fon ke yo te prete a...

Tout pwosedì, mekanis ak enstriman ke nou itilize yo pou nou kapab jwenn bon jan enfòmasyon sou sitiayson pwojè a nenpòt ki lè, nou pral rele li **sistèm swivi**.

Pou kapab mete kanpe yon sistèm swivi, nou dwe poze kesyon sa yo:

- **KI** enfòmasyon ki enpòtan pou nou (endikatè yo).
- **KIJAN** enfòmasyon sa a ta dwe rasanble epi analize (metòd yo).
- **KI MOUN** ki pral patisipe nan chak pati (responsabilite yo).

Objektif yon bon sistèm swivi se:

- Fasilite endikatè byen bonè sou pwogrè yo, oswa sou mank pwogrè, nan rive jwenn objektif yo ak nan rive jwenn rezulta yo.
- Depi nou fin idantifye epi evalye pwoblèm ki kapab prezante yo, nou pral kapab pran mezi pou korije ki nesesè yo, nan kreyasyon an ak nan egzekisyon an, nan lide pou kalite rezulta yo vin pi bon.
- Pèmèt ou ranfòse rezulta pozitif yo, konsa ou kapab mete yon sistèm pou "bon pratik" yo epi pran yo kòm egzanz pou lòt aksyon pi devan.
- Pèmèt ou detèmine si pwojè a, jan'l ye a, san wete san mete, toujou rete enpòtan oswa si li pèdi enpòtans li.
- Ede idantifye ak ajiste distribisyon responsablite yo epi ankouraje aprantisaj.
- Ede ranfòse kapasite swivi ak evalyasyon La Meri yo.

Endikatè yo se youn nan baz sistèm swivi a, paske lè yo byen mezire yo pèmèt nou wè nivo pwogrè ki reyalize nan fè pwojè a. Se poutèt sa, li enpòtan pou genyen yon bon sistèm endikatè, epi an menm tan n'ap defini yo nan pati kote n'ap ekri pwojè a, li rekòmande ke se sistèm swivi a menm ki fikse moman pou revize yo detanzantan, gras a **sous verifikasiyon** yo.

Swivi se yon pwosesis aprantisaj eksperyans pou jwenn pi bon rezulta nan pwojè yo. Plis gen gwoup ki enplike ladan'l k'ap benefisyen enfòmasyon sa a, epi plis nou pataje pwosesis sa a, se plis enpak li ap gwo. Biblikasyon rechèch la ak rezulta yo se yon pati enpòtan swivi a epi li pa fini avèk divès rapò swivi yo, men pito se yon pwosesis ki dwe fèt san rete. Se poutèt sa, li rekòmande anpil pou tabli kòm yon pati nan pwojè a mekanis ki pral pèmèt nou pataje ak analize enfòmasyon yo, epi pou fè chanzman oswa pote koreksyon ki nesesè nan tèt ansanm. Mekanis sa a, se yon **komisyon swivi** ki pral aplike li, moun ki ladan'l yo ap varey dapre patisipan yo nan pwojè a, epi direksyon pwojè a pral gen pou bay li enfòmasyon regilyèman epi san fè mank.

Apre chak revizyon gen yon **rapò swivi pwojè a** ki dwe fèt, ki gan ladan rekòmandasyon ki konsène li yo. Nan fen pwojè a, gen yon **rapò final**, teknik, ak ekonomik ki dwe fèt. Pati teknik la dwe eksplike nan ki pwen yo rive jwenn objektif yo ak rezulta yo. Pati ekonomik la dwe bay enfòmasyon an detay sou jistifikasyon finansye pwojè a, li rekòmande pou fè yon kontwòl kontabilite ak finansye.

5.3 Evalyasyon

Evalyasyon se yon fonksyon ki pèmèt fè yon apresyasyon, ki pi sistematik ak objektif ke posib, sou yon pwojè k'ap fèt oswa ki fin fèt, yon pwogram oswa yon seri liy aksyon, kreyasyon li, egzekisyon li ak rezulta li. Bi li se detèmine **enpòtans** objektif yo ak degré reyisit yo, **efisyans** nan sa yo rele developman, **efikasite** li, **enpak** li ak **vyabilite** li. Yon evalyasyon dwe bay enfòmasyon ki vre epi itil pou kenbe tout lesyon yo aprann yo pou lòt entèvansyon alavni.

Pou fè yon evalyason yo mezire:

- **Efisyans:** Li konsène analiz rezulta yo parapò avèk efò ki fèt la, sa vle di kouman entran yo vin transfòme an rezulta ekonomik. Li egzamine si yo ta kapab jwenn menm rezulta sa yo avèk mwens depans oswa mwens efò.
- **Efikasite:** Nan ki pwen yo rive jwenn objektif espesifik la; si yo ka espere ke sa rive sou baz rezulta pwojè a.
- **Enpak:** Tout chanzman ak efè pozitif ak negatif pwojè a, kit yo te planifie oswa yo rive sanzatann, ki analize parapò ak moun kap jwenn benefis yo ak lòt moun sa deranje yo.
- **Enpòtans:** Nan ki pwen pwojè a jistifye parapò avèk priorite developman yo.
- **Vyabilite:** Se yon analiz pou detèmine nan ki pwen efè pozitif yo ap kontinye apre pwojè a fin fèt.

P.eg. Yon pwojè dlo potab.

Li te **efisyen** si yo te kalkile li kòm sa dwa epi ekipman yo te achte nan bon pri; si li te fèt byen vit epi li pa't nesesè anplwaye anpil moun; si salè yo te jis, men pa twò wo.

Li te **efikas** si popilasyon an bwè dlo potab sèlman epi maladi gastwoentestinal yo diminye; si distribisyon dlo a ase pou demann lan, epi popilasyon an jwenn dlo pandan tout ane a.

Li gen yon **enpak pozitif** ke yo pa't prevwa, apati òganizasyon kominate a pou fè pwojè sa a, gen lòt aksyon ak pwojè ki kreye.

Li gen yon **enpak negatif** ke yo pa't prevwa si gen ti ma dlo ki fòme arebò sous yo, ki vin tounen yon kote marengwen ap kale.

Li te **enpòtan** si dlo potab te yon bezwen nesesè epi toujou rete yon bezwen nesesè pou popilasyon an.

Li ekonomikman **vyab** si depans fonksyònman yo kouvari epi si pwojè a pèmèt ase lajan rantre nan kès pou reparasyon ak ranplasman ki nesesè yo; enstitisyònèlman, si gen yon komite dlo k'ap jere sistèm nan kòm sa dwa; sosyalman, si kominate a aksepte li epi sitiyasyon moun ki pi mal yo nan kominate a vin pi bon; teknikman, si operasyon ak antretyen an fasil pou fèt epi si yo rive jwenn pyès derechanj san pwoblèm; epi nan nivo anviwònman an, si sous dlo ki anba tè yo pap fin seche epi dlo sal pap kontamine yo.

5.4 Vyabilite

Yon pwojè vyab lè li ka itil gwoup yo vize a sou yon peryòd tan ki long, menm lè li fini. Vyabilite yon pwojè se yon kondisyon endispansab pou nenpòt pwojè devlopman, paske si bagay ki fèt yo pa dirab li pa posib pou avanse nan yon etap pi wo nan devlopman an.

Vyabilite yon pwojè pral depann, sitou, si wi oswa non enpak pozitif la jistifye envèstisman ki nesesè yo epi si kominate lokal la bay pwojè a ase enpòtans pou li dakò pou bay ti kal resous li genyen yo pou kontinye li.

Vyabilite yon pwojè dwe analize depi nan faz idantifikasyon an, nan analiz altènativ yo, sa ki ka lakòz kèk chanjman nan lojik entèvansyon an, ajoute rezulta oswa aktivite, ogmante kantite faktè ekstèn oswa mande etid espesyalize. Li ta dwe analize tou nan faz egzekisyon ak swivi an, pou ka wè si sa nesesè pou fè chanjman depi nan ekri pwojè a. Nan pati evalyasyon an se youn nan 5 endikatè ke yo mezire yo.

Faktè ki nesesè pou vyabilite yon pwojè se: **politik sipò yo, kapasite enstitisyònèl ak jesyon, faktè ekonomik ak finansye yo, teknoloji** ki pi bon an, **aspè sosyo-kiltirèl** yo epi **anviwònman** an.

P.eg. Sant fòmasyon kominal pou jèn moun ki pa gen anpil lajan epi ki pap travay: li pa vyav.

Sant lan te fè jèn yo peye yon frè pou kou ke li te bay yo, men te gen sèlman demann pou enfòmatik, pat geyen pou elektrisite nan kay, mekanik otomobil, ak soudi. Anplis de sa, frè yo te piti anpil paske Sant lan te fèt pou jèn ki pa gen anpil mwayer, kidonk se apèn si yo te kapab peye salè pwofesè yo avèk kòb sa. Apre yon tan, fòk yo te ranplase òdinatè yo, ki te vin pase mòd, pou sèl atelye ki te gen demann pou li a, men pa te gen lajan pou sa, se sa ki fè atelye a pa't vyab. Yo te rive "sove" atelye a paske yo te jwenn sipò enstitisyònèl ki te pèmèt kouvari defisi a, epitou yo te oblige ogmante frè yo, men sa te lakòz yo pa't kapab aksepte jèn moun ki pa gen anpil lajan yo ke atelye a te vize an premye yo.

Pou evalyasyon pwojè yo, yo pwopoze 6 faktè vyabilite, ki rezime anba a:

5.4.1. Politik sipò

Si se yon pwojè koperasyon entènasyonal, li dwe toujou opere nan anviwònman politik devlopman peyi kap jwenn benefis la, kidonk, angajman sipò yo se yon kondisyon alavans ki nesesè pou vyabilitè li. Menm jan tou, si se yon pwojè devlopman lokal, li dwe alien li oswa ajiste li avèk politik kominal la, oswa, si sa aplikab, avèk direktiv La Meri.

Nan pati planifikasyon an li nesesè pou verifye si objektif jeneral pwojè a se yon pati nan priorite kominal yo epi nan ki pwen gen volonte ak kapasite pou founi resous ki nesesè yo pou bagay ki fèt yo ka dirab. Kòm politik lokal yo kapab chanje ofiramezi tan ap pase, li nesesè pou fè yon swivi sou yo epi mete ladan ajisteman ki dwe fèt yo si sa nesesè.

Men kèk nan pwen ke yo kapab etidye nan analiz politik sipò yo:

a) Priorite.

- Korespondans ant priorite pwomotè pwojè a ak moun kap jwenn benefis yo.
- Degre sipò ke pwojè a genyen.
 - Sipò lis depans.
 - Politik pri ak sibvansyon.
 - Politik kredi.
 - Politik salè ak pèsonèl.
 - Politik kominal, reyjonal ak nasyonal.
 - Priorite chak sektè (edikasyon, sante, agrikilti, etc.).
- Chanjman nan priorite yo: kijan yo aji sou pwojè a?

b) Enplikasyon ak angajman.

- Degre antant sou objektif yo.
- Sipò òganizasyon ki enpòtan (politik, piblik oswa sektè prive).
- Volonte pou founi resous: (finansye, pèsonèl oswa lòt kalite)

5.4.2. Aspè enstitisyonèl

Men kèk nan pwen ke yo kapab etidye nan analiz aspè enstitisyonèl yo:

a) Relasyon ant enstitisyon yo.

- Èske pwojè a baze sou enstitisyon ki deja egziste yo?
- Èske pwojè a vle di kreyasyon nouvo enstitisyon paralèl, kidonk depans anplis?
- Èske pwojè a kontribye nan chanjman nan divizyon travay pami enstitisyon ki deja egziste yo? Pa egzanp, plis desantralizasyon?

b) Devlopman enstitisyonèl entèn.

- Èske envestisman yo ale avèk kapasite egzekisyon ki egziste deja a?

c) Kreyasyon ak ranfòsman enstitisyonèl ki prevwa pou bezwen yo sou plizyè lane

- Èske yo byen chwazi enstitisyon ki pou fè pwojè a avèk travay ki dwe fèt yo?
- Èske yo te konsidere faktè enstitisyonèl espesifik tankou estrikti, lidèchip, estaf sipò teknik, jeson transparan nan finans ak lòt konpetans?
- Èske yo te enplike ladan lòt enstitisyon lokal ki dispoze pou pote kontribisyon yo?

5.4.3. Aspè finansye ak ekonomik

Men kèk nan pwen ke yo kapab etidye nan analiz aspè ekonomik ak finansye yo:

a) Vyabilite Finansye.

Èske gen ase lajan pou kouvri depans pou antretyen lè pwojè a fini?

- Depans fonksyònan, antretyen ak amòtsman.
- Don ak kredi ki disponib.
- Pri pou ka rantre lajan ou depanse a (rekouvrement, frè pou sèvis publik, etc.)

b) Pri - efikasite.

Èske yo te kapab jwenn rezulta yo pou pi bon mache?

- Pri pwojè a avèk sak ladan l yo li yo.
- Lòt mwayen ki te genyen pou fè menm travay yo epi pri yo te ka koute.
- Pri pou menm kalite pwojè yo lòt kote.

c) Pri-benefis.

Èske yo ka jistifye pri pwojè a koute parapò avèk benefis yo?

- Byen ak sèvis pwojè a pwodwi.
- Ekonomi travay.
- Benefis sosyal pwojè a pote.

5.4.4. Teknoloji

Men kèk nan pwen ke yo kapab etidye nan analiz teknoloji a:

a) Bezwén debaz.

- Èske yo itilize teknoloji pou satisfè bezwen debaz yo?

b) Developman faktè prodiksyon yo.

- Èske yo itilize faktè pwodiksyon lokal?
- Èske yo kreye nouvo travay?
- Èske yo fè lajan epi èske yo sere li?
- Èske yo ekonomize oswa pwodwi resous oswa enèji?
- Èske rezulta a se teknoloji ki pi bon an?
- Èske li reprezante yon developman teknologik ki mennen nan yon nivo teknologik ki pi avanse?
- Èske li kontribye nan ogmantasyon kapasite pwodiktif lan ofiramezi tan ap pase?

c) Relasyon estriktirèl nan sosyete a

- Èske teknoloji ke yo te chwazi a kontribye pou plis endependans?
- Èske li ede diminje inegalite nan sa ki rele konesans ak kapasite teknologik?

d) Konpatibilite kiltirèl

- Èske teknoloji ke yo te chwazi a kontribye nan itilizasyon tradision ki deja egziste oswa li baze sou yo?
- Èske li konpatib avèk eleman ak modèl ki gen anpil valè nan kilti lokal ak nasyonal la?
- Èske yo sèvi avèk yo?

e) Developman imen

- Èske li fè moun yo gen aktivite kreyatif?
- Èske li ede moun sòti nan travay anba represyon, travay di san nesesite, travai ki gen danje ladan oswa travay woutin?

f) Ekilib ekolojik

- Èske li diminje eksplwatasyon reous yo epi anpeche kontaminasyon, atravè itilizasyon resous renouvlab, resiklaj ak apwòch ekolojik?
- Èske li ankouraje divèsite nan ekosistèm lan, yon pi bon ekilib, epi rediksyon vilnerabilitè?

5.4.5. Aspè sosyo-kiltirèl

Men kèk nan pwen ke yo kapab etidye nan analiz aspè sosyo-kiltirèl yo:

a) Faktè sosyo-kiltirèl jeneral.

- Òganizasyon ekonomik.** Nati ak baz resous yo, pandan n'ap konsantre sou pwòp solisyon popilasyon an pou òganize pwodiksyon ak distribisyon pwodwi ke yo konsidere kòm bezwen nesesè epi ki pote benefis pou yo.
- Òganizasyon sosyal:** Respè akò sosyal yo, ki gen ladan sistèm maryaj, paran, fanmi ak estati.
- Òganizasyon politik:** Relasyon entèn sou pouvwa, konfli enterè, estrikti pouvwa a nan plizyè nivo.
- Kosmolofi:** Kisa nou dwe konnen sou lavi ak lanmò, pwogrè ak devlopman. Pwovèb yo gen abitid anplwaye.

b) Karakteristik moun kap jwenn benefis yo ke yo dwe pran an konsiderasyon.

- Konesans, ladrès, teknik ak resous.
- Pwòp objektif yo, priyorite yo, chwa valè yo, etc.
- Nan ki mezi chanjman yo ka fèt nan kondisyon sosyo-kiltirèl ki egziste yo.
- Tansyon ak konfli konsènan sèks, estati, laj, klas, etni, reliyon, etc.

c) Òganizasyon ak direksyon pwojè a.

- Etid alavans ak swivi ki santre sou aspè sosyo-kiltirèl yo.
- Relasyon ant moun k'ap travay nan pwojè a ak moun kap jwenn benefis yo parapò avèk adaptasyon kiltirèl la epi volonté pou chanjman ki egziste.

5.4.6. Konsiderasyon sou anviwònman an

Men kèk nan pwen ke yo kapab etidye nan analiz aspè anviwònman an:

a) Efè sou:

- Anviwònman natirèl la.
- Baz resous natirèl yo.
- Jesyon resous natirèl yo alavni.
- Anviwònman ke moun kreye ak eleman li yo.
- Sante popilasyon an.

b) Atansyon a anviwònman ki frajil anpil yo:

- Tè ki fasil pou gen ewozyon, pou vin sale oswa inonde.
- Zòn ki fasil pou tounen dezè.
- Zòn kote ki gen anpil imidite.
- Rakbwa twopikal kote lapli tonbe anpil.
- Zòn bò lanmè, ti zile, resif, mangròv, etc.
- Ras bét ak plant (ak biyotòp yo) ki an danje.
- Peyizaj natirèl ak kiltirèl ki pa gen parèy oswa ki gen anpil valè estetik, istorik, akeyolojik, kiltirèl ak syantifik.
- Zòn ki gen anpil enpôtans pou gwoup etnik ki vilnerab yo.

c) Enpak enpòtan sou anviwònman an:

- Chanje anpil itilizasyon resous renouvlab yo.
- Chanje metòd tradisyonèl nan agrikilti oswa lapèch.
- Ekplwatasyon resous dlo yo.
- Ekstraksyon ak eksplwatasyon resous mineral yo.
- Aktivite endistriyèl ki pote kontaminasyon.
- Move jesyon ak move itilizasyon resous yo.

5.4.7. Enkòporasyon pèspektiv sèks

Nan dènye ane ki sòt pase yo, yo kòmanse enkòpore sèks nan jesyon pwojè devlopman yo kòm yon liy aksyon transvèsal. Pou konprann pèspektiv sèks la, li nesesè pou konprann relasyon ki egziste ant sa yo rele binòm pati jenital - sèks, pafwa yo konfonn tèm sa yo. **Pati jenital** se yon kondisyon òganik ki tabli diferans byolojik ant gason ak fanm. **Sèks** se tout karakteristik ak atribi sosyal ki defini yon fòm diferan nan konpòtman, aptitud, wòl ak fonksyon pou gason ak fanm. Natirèlman evalyasyon sosyal karakteristik sa yo ak atribi yo diferan tou.

Pèspektiv sèks pa sèlman mete an kesyon yon modèl, men li bay yon pwopozisyon pou chanjman. Yon kote, li montre yon sitiyasyon klè inegalite enjis, yon lòt kote, li bay chenn pou kommansman yon mouvman transfòmasyon sosyal. Mouvman sa a gen ladan:

- **Bezwen pratik chak sèks**, ki se sèlman satisfaksiyon bezwen debaz fanm yo.
- **Bezwen estratejik chak sèks**, ki konsantre sou abolisyon divizyon seksyèl nan travay; rediksyon chay responsabilite fanm yo ak leve timoun yo; eliminasyon tout fòm diskriminasyon enstitisyonalize tankou sa ki gen rapò avèk dwa pwopriyete sou tè; etablisman egalite politik ant gason ak fanm; pou site sa sèlman.

Lè yo rekonèt depandans fanm yo sa pa pral sèlman vle di satisfaksiyon bezwen debaz yo, men se yon angajman pou transfòmasyon sosyal. Pi bon mwayen pou rive jwenn sa, se kòmanse avèk yon etid sou wòl sosyal, gason ak fanm.

Wòl repwidiksyon an se yon karakteristik ki pale sou tout travay nan kay ak responsabilite pou leve timoun, netwaye kay epi fè timoun. Tan ki pase nan jwe wòl sa a pa konsidere kòm yon travay tout bon. Se poutèt sa, yo pa resevwa nonplis okenn salè pou li, menm si se yon travay ki mande anpil mendèv epi ki pran anpil tan. Wòl sa a se fanm ak tifi ki ranpli li.

Definisyon **wòl pwodiktif** la se, pwodiksyon byen ak sèvis. Si anjeneral chema pou pèfòmans wòl repwidiktf la se nan kay la oswa espas prive, nan ka sa a, se mache a. Nan koutim yo, se gason ki ranpli wòl sa a, men jounen jodi a li pataje, menm si toujou gen yon divizyon nan aktivite ki asosye ak gason epi ak fanm. Travay pwodiktif fanm yo mwens vizib epi yo bay li mwens valè.

Wòl sosyo-kiltirel oswa kominotè se tout aktivite, sosyal ak politik, ki fèt pou kominote a gen yon lavi miyò. Se nan nivo publik ke li devlope, anjeneral nan yon fason òganize.

Pèspektif sèks la pote kèk fòmil estratejik pou transfòme wòl sosyal yo. Nan ka wòl repwidiktf yo, objektif la se reyalize distribisyon reyèl epi efikas tout travay ak responsabilite yo. Nan ka wòl pwodiktif la li menm, objektif la santré sou yon salè ki se menm pou gason ak fanm. Epi pou fini, pou wòl sosyo-kiltirèl la oswa kominotè a, youn nan objektif yo se pral bay fanm yo dwa grandèt majè yo epitou ankouraje fanm yo pou egzèse pouvwa.

Pou fini, pèspektiv sèks la bay yon nouvo fason pou gade epi panse sou pwosesis sosyal la, an menm tan lap ede nan tabli yon nouvo metòd nan travay sosyal. Ki vle di, li rekonèt fanm ak gason kòm ajan chanjman; li rekonèt divèsite ki egziste nan demand ak bezwen yo; li ankouraje pou pran pouvwa yon fason endividyièl ak kolektif; epitou li pèmèt mete kanpe yon nouvo pèspektiv nan jesyon etap pwojè devlopman yo.

Enstitisyonalizasyon transvèsal sèks nan nivo kominal¹ (DEMUCA: 2000) se plis pase kreye yon biwo fanm oswa ke La Meri anplwaye yon espesyalis nan zafè sèks; nou dwe travay pou mete pèspektiv sa a nan tout politik, pwogram ak sèvis kominal yo.

Politik lokal yo se kèk deklarasyon alekri ke moun fè nan tèt ansanm, ki gide epi ki angaje aksyon komin nan yon fason planifye ak sistematik, pou rive genyen egalite nan opòtinite ki prezante yo, sa vle di, ke gason ak fanm ap gen menm kondisyon pou yo egzèse dwa yo. Pou ekri **politik ki gen yon pèspektiv sèks nan Meri yo**, li nesesè pou genyen:

- Kapasite** teknik pou ekri politik sou sèks (nòmalaize epi règlemant).
- Koödone epi kontwole **aplikasyon** politik sa yo.
- Travay nan tèt kole** avèk Ministè Fanm oswa mekanis nasyonal pou zafè sèks ak sistèm planifikasyon an.
- Akò** ant La Meri ak sosyete sivil la.
- Angajman** fòmèl Konsèy Kominal la.
- Fòk politik sa yo vin tounen **pwoDWI**, rezulta ak mwaben: lwa, règ, pwosedi, règleman, direktif, mekanis enfòmasyon ak rechèch, metòd, liv enstrisksyon, gid ak enstriksyon, asistans teknik, resous imen ak finansye, ranfòsman ak refòm enstitisyonèl, edikasyon ak konsyans sitwayen, pou site sa yo sèlman.

Enkòpore yon pèspektiv sèks nan pwojè ak pwosesis devlopman lokal yo, vle di tou ke gen kèk pratik sosyo-kiltirèl nou dwe evite, nan lide pou fanm yo ka reprezante pwòp enterè pa yo epitou pou yo ka egzèse tout dwa yo kòm sitwayen:

- Envizib:** lè yo pa rekònèt reyalite fanm yo, kontribisyon yo, istwa yo, epi lè yo sèvi avèk yon langaj diskriminatwa kote fanm pa ladan.
- Eksklizyon:** lè demand espesifik fanm yo pa enkòpore, oswa lè fanm yo pa prezan nan espas patisipasyon yo.
- Sibòdinasyon:** lè yo konsidere se lòt moun ki pou reprezante enterè fanm yo paske yo manke kapasite oswa pouwva.
- Seksis:** lè yo konsidere ke fanm ak gason ta dwe rete nan wòl ak nan espas ke sosyete a defini pou yo chak.

Pèspektiv sèks la pa ankouraje aplikasyon okenn pwosesis apa pou jere yon pwojè oswa yon gouvènman, men pito enkòporasyon nan metòd ak apwòch jeneral yo, tout kategori ak enstriman ki nesesè pou wè reyalite a nan yon fason ki pi jis. Nan sans sa a, yo konsidere ke aspè sa yo **nesesè pou enstitisyonalizasyon pèspektiv sèks la nan gouvènman lokal yo**:

- Montre divèsite ki egziste pami** sitwayen yo nan fè yon dyagnostik ki separe pa sèks, sèvi avèk yon langaj ki mete ni gason ni fanm ladan, rekònèt etap istorik ki enpòtan pou fanm yo, etc.
- Montre epi **enkòpore bezwen** ak demand espesifik divès gwoup yo, espesyalman sila yo ke yo abitye mete deyò yo tankou fanm yo. Sa a ap kapab fet pa lantremiz analiz efè yo ki separe pou gason ak pou fanm, analiz prensipal pwoblèm ki genyen nan yon katye oswa nan yon sektè, analiz aksè ak kontwòl fanm nan resous yo ak benefis devlopman yo, epi fè ke aksyon pozitif yo vin tounen yon reyalite, sa vle di, sila yo ki ankouraje oswa mete devan pwoblèm ak pwojè fanm yo pou korije esklizyon istorik la epi kraze tout inegalite ant sèks.
- Enkòpore kèk aksyon espesifik** pou kapab si ke fanm yo ap patisipe nan komite katye yo ak nan gouvènman lokal yo, paske gen yon esklizyon kap pèsiste nan nivo sa a, pandan ke n'ap envite moun pou vin patisipe nan moman ki pi bon pou fanm yo, sipò pou okipe timoun yo, ankouraje patisipasyon egalego nan asanble yo, komite yo, tab yo ak lòt espas yo. Nan sans sa a, li rekòmande pou rezèv yon kantite minimòm pou patisipasyon fanm yo, nan lide pou ankouraje lidèchip yo ak prezans dirèk yo nan espas pou pran desizyon yo.

¹ Tèks sa a sòti nan liv "Enklizyon Pèspektif Sèks nan Jesyon Minisipal", se Fondasyon DEMUCA ki pibliye li, e nou di li mèsi pou kontribisyon li nan liv sa a.

P.eg. Li ka bon pou nou poze kesyon sa yo lè n'ap fè yon analiz sèks:

Wòl chak Sèks: Ki moun ki jwe ki wòl nan fanmi an avèk nan sosyete a?

Divizyon Travay: Ki moun ki fè kisa?

Aksè ak kontwòl resous yo: Ki moun ki gen kisa?

Pozisyon sosyo-politik: Ki pozisyon famm nan sosyete a parapò avèk gason?

Faktè enflyans: Ki faktè ki enflyanse sitiasyon sèks?

Bezwen pratik ak enterè estratejik sèks: Ki moun ki gen ki kalite bezwen?

Kapasite enstitisyonèl sèks: Nan ki pwen enstitisyon an sansib sou bezwen sèks?

Benefis pwojè a: Ki moun ki resevwa kisa nan pwojè devlopman yo?

Politik nasional ak lokal konsènan fanm, sèks ak devlopman: Nan ki kad politik pwojè a ap fonksyone?

Patisipasyon: Ki moun ki patisipe epi kijan?

Men kesyon kle ke yo dwe reponn nan kad **patisipasyon fanm yo:**

- Ki modèl patisipasyon ki aplike?
- Kiyès ki patisipan yo?
- Èske patisipasyon an bon pou pati ki konsène yo?
- Kisa ki ka fèt pou ogmante patisipasyon fanm yo?

Nan lide pou ogmante patisipasyon fanm yo, anjeneral yo rekòmande, kit pwojè yo te planifye avèk yon pèspектив sèks oswa yo pat planifye avèk li, li ta bon pou analize eleman sa yo:

- Si fanm yo te patisipe pou kont yo oswa pou reprezante kèk ôganizasyon fanm.
- Pousantaj yo te reprezante pamì tout moun ki t'ap patisipe yo.
- Si yo te bay yo espas oswa sipò espesyal pou pale sou enterè yo.
- Si yo te kontinye pwosesis konsilyasyon ant enterè divèjan gason ak fanm.
- Si yo te fè konsiderasyon kiltirèl pou kominote ki konsène a pou patisipasyon fanm yo.
- Si yo te fè aktivite espesyal pou bay gwoup fanm yo fòmasyon, tankou: alfabetizasyon, teknik dyalòg, negosyasyon ak lidèchip, fòmasyon nan plizyè kalite sijè, pou site sa yo sèlman.
- Si yo te konsidere si wi oswa non pwojè a gen yon enflyans sou sitiasyon gason oswa fanm ki pi pòv yo.

Zouti ke yo rekòmande pou aplike pou analize patisipasyon fanm yo nan etap yon pwojè, gen rapò avèk kesyon sa yo:

- Nan ki nivo gason ak fanm nan gwoup ke yo vize a patisipe nan desizon k'ap pran konsènan pwojè a?
- Kiyès ki kontribye nan mendèv – peye oswa pa peye – resous finansye ak materyèl?
- Ki enflyans aktivite pwojè yo genyen sou gason ak fanm nan diferan gwoup sosyal?
- Kiyès ki tire benefis nan rezulta yo atann ke pwojè a ap pote?
- Kiyès ki gen aksè ak kontwòl sou ki kalite resous ak fasilité?
- Kiyès ki responsab pou kontinye aktivite pwojè yo (dirabilite)?
- Èske yo te pran an konsiderasyon si tout pati yo gen kapasite pou yo patisipe: tan, resous, kalifikasyon, pouwva pou pran desizyon, etc.?
- Èske te gen bon jan komunikasyon, pataj enfòmasyon ak sansibilizasyon pou sipòte pwosesis patisipasyon an?

6. Anèks

1) Pwopozisyon yon direktiv pou dokiman ki prezante pwojè a

YON PWOJÈ KI PREZANTE NAN DIS ETAP

1. DONE POU PREZANTE PWOJÈ A

- 1.1. Tit Pwojè a.
- 1.2. Dat preparasyon Dokiman an.
- 1.3. Òganis k'ap prezante Pwojè a ak òganis ke y'ap prezante Pwojè a.
- 1.4. Dat kòmansman ak dat fen.

2. FINANSMAN TOTAL

Prezante lis depans global la ak lis depans an detay la bay òganis yo k'ap finanse pwojè a.

3. DESKRIPSYON REZIME PWOJÈ A

Seksyon sa a dwe prezante yon ti rezime tou kout ki pou pèmèt yo byen konprann pwojè a an general epi li dwe gen ladan tout eleman ak done ki enpòtan nan pwojè a. Deskripsyon rezime sa a dwe prezante dapre chema kad lojik la, ki gen ladan objektif ak rezulta yo, endikatè ak prensipal faktè ekstèn oswa kondisyon yo. Epitou li dwe eksplike klèman pou ki moun aksyon an ap fèt, li dwe dekri epi di ki kantite moun kap jwenn benefis yo ak kote yo rete.

4. SITIYASYON AK ANALIZ SITIYASYON AN

- 4.1. Sitiyasyon ak istorik.
- 4.2. Deskripsiyon moun kap jwenn benefis yo ak lòt aktè k'ap patisipe yo.
Prensipalman yo pral fè konsidérasyon sou moun kap jwenn benefis yo, moun k'ap patisipe yo (oswa patnè yo) ak lòt patnè nan pwosesis espesifik devlopman kote yo vle entèvni an. Li enpòtan pou konnen enterè chak pati yo, vizyon yo ak relasyon ki genyen nan mitan yo.
- 4.3. Prensipal pwoblèm ke yo detekte.
Nou dwe fè kòmantè sou prensipal pwoblèm yo detekte nan reyalite ke yo vle chanje a, relasyon li yo epi pwosedи ke yo swiv pou detekte li. Li rekòmande pou prepare yon pye bwa pwoblèm kote yo pral devwale aklè relasyon kòz ak efè ant diferan pwoblèm yo idantifye yo.
- 4.4. Analiz objektif yo.
- 4.5. Analiz alténativ yo ak jistifikasiyon entèvansyon ke yo chwazi a.

5. LOJIK ENTÈVANSYON AN

Pou garanti koyerans andedan pwojè a, li nesesè pou konekte sekans lojik la ant aktivite yo, rezulta yo ak objektif yo, pou kapab rive jwenn relasyon sa a: avèk mwayen yo (moun, teknik ak materyèl) yo egzekite aktivite epi avèk aktivite sa yo nou rive jwenn rezulta yo. Rezulta nou rive jwenn yo dwe mennen nan objektif espesifik la, ki kontribye pou rive jwenn objektif jeneral la. Objektif yo ak rezulta yo dwe prezante kòm si yo te déjà rive jwenn yo (nan patisipasyon).

- 5.1. Objektif jeneral.
- 5.2. Rezulta ke yo atann.
- 5.3. Aktivite ke yo planifie.
- 5.4. Matris planifikasyon (*lojik entèvansyon, endikatè o.v., sous verifikasiyon ak faktè ekstèn*).

6. PWOGRAMASYON, LIS DEPANS AK PLAN EGZEKISYON

- 6.1. Kalandriye aktivite yo.
Sou baz yon vizyon chak ane oswa plizyè fwa nan ane a, aktivite ki prezante pi wo yo dwe detaye, nou dwe mete dat (semèn oswa mwa) kote yo pral fè yo a. Nan premye kolòn nan yo fè relasyon ant tout aktivite yo epi nan kolòn apre yo nou dwe espesifye, pandan n'ap mete yon «X», nan ki moman yo pral reyalize yo pandan pwojè a ap fèt.
- 6.2. Lis depans detaye
Nou dwe prezante yon lis depans detaye pou chak eleman ak pou chak donatè. Eleman yo pral divize an: 1) depans dirèk oswa depans nesesè pou demare ak fè pwojè a, 11) resous imen (pèsònèl), 12) depans nômal pou byen ak sèvis antretien ekipman ak materyèl, 13) vwayaj ak sejou, 14) envestisman, 15) fon woulman (kredi), 16) enfrastrikti ak lòt, dapre estrikti pwojè a, 17) fòmasyon, kou fòmasyon, etc. Epi (2) depans endirèk yo, sila yo ki pa dirèkteman andedan finansman pou fè pwojè a: (21) depans pou ekri pwojè a epi pou swivi ak evalyasyon, lè sa nesesè. Seksyon «Lòt depans» lan fèt pou mete tout dekesman ki pa prevwa nan eleman ki anwo yo epi yo dwe espesifye yo pou chak konpozant. Eleman depans ki p'at prevwa yo akseptab sèlman si yo demonstre ke depans sa yo gen rapò klèman avèk endikatè risk yo, epi li nesesè pou espesifye nan kisa yo pral sèvi nan pwojè a si sitiysyon risk la pa rive prezante.

- 6.3. Plan egzekisyon
Si se yon sibvansyon, presize òganis kap jwenn benefis yo, kantite lajan ak lis depans yo, poukisa yo bay li, dat limit pou sibvansyon an epi jistifikasiyon ak lòt kondisyon.
- 6.4. Pwosedi òganizasyon entèn.
Nan pati sa a nou dwe dekri òganizasyon pèsònèl ki angaje nan pwojè a, tout enstitisyon ki enplike nan egzekisyon li ak distribisyon responsabilite yo, pandan n'ap prezante yon òganigram, si sa posib.

7. ETID VYABILITE/DIRABILITE

Etid vyabilitè a pèmèt pou gen done ki nesesè yo pou jwenn enfòmasyon sou possiblité ke rezulta pwojè a konsève alavni apre fen pwojè a. Vyabilitè yon pwojè chita sou kék faktè devlopman ke nou te déjà konsidere nan paj anvan yo:

- 7.1. Politik sipò.
- 7.2. Aspè enstitisyonèl.
- 7.3. Aspè sosyo-kiltirèl.
- 7.4. Pèspektiv sèks.
- 7.5. Faktè teknolojik.
- 7.6. Faktè anviwònman.
- 7.7. Faktè ekonomik -finansye.

8. PWOSEDI JESYON APRE FEN PWOJÈ A EPI FÒM TRANSFÈ KI PREVWA

Yo dwe analize, yon fason byen espesifik epi konplè, pwosedi yo dwe swiv pou transfere responsabilite ak pwopriyete pwojè a lè li fini, yo dwe eksplike transfè byen imobiliye, byen ak ekipman ke yo achte, epitou ki sa yo pral fè avèk byen imobiliye yo, dwa apropriasyon ak pwopriyete. Yo mande tou yon kòmantè sou òganis ki pral pran pwopriyete a ak responsabilite pou antretien ak / oswa jesyon an.

9. KONEKSYON AVÈK POLITIK DEVLOPMAN LA MERI A

Nou dwe endike ki koneksyon pwojè a ofri avèk estrateji kominal pou devlopman an, pandan n'ap dekri relasyon li ta kapab genyen avèk lòt pwogram lokal.

10. ANÈKS

Nou dwe prezante tout dokiman ofisyèl ki te sèvi pou jistifye pwopozisyon an avèk tout lòt dokiman enpòtan yo.

2) Ka pratik

Ka 1: Vallegrande

Vallegrande se yon komin peyizan, li lwen gwo vil ki nan zòn nan. Popilasyon an vin ogmante anpil. Zòn nan gen yon tanperati ki pa ni twò cho ni twò frèt, sa ki fè ke li bon pou aktívite agrikòl. Anpil kiltivatè fè pati yon Asosyasyon ki defann enterè yo. "Manje pou Pòv" (*Food for the Poor*) te travay avèk Association Ti Kiltivatè sa a nan plizyè pwojè pandan dènye tan sa yo.

Ti kiltivatè Vallegrande yo te wè kijan revni yo tap bese anpil nan dènye tan sa yo. Se poutèt sa, nan zòn sa a yo te sispann kiltive moso tè ki mwens pwodiktif yo epi kèk nan kiltivatè pi jèn yo te al viv lavil. Nan rejon an ou ka santi ke popilasyon an pa kontan epi moun yo dekouraje toupatou.

Se menm dyagnostik sa a ke teknisyen nan Sèvis Ekstansyon Agrikòl ke Ministè Agrikilti ap fè nan zòn nan te fè.

Sous prensipal revni ti kiltivatè yo sòti nan lavant rekòt tomat yo, paske pa gen okenn lòt sous altènatif pou rantre lajan, menm si rejon an gen anpil valè istorik avèk bèl peyisaj ki ta ka pèmèt kèk aktívite touristik. Yo pa jwenn tou okenn valè ajoute sòti nan bèl pwodiksyon tradisyonèl yo ke fanm nan rejon an ap fè.

Revni kiltivatè sa yo te kòmanse ap bese dènye tan sa yo pou plizyè rezon. Premyèman, yo remake ke depans pou pwodiksyon moun sa yo te twò wo epi yo te gen tandans kontinye ogmante. Entran yo (machin, plastik, angrè, etc.) te twò chè, anplis de sa, itilizasyon yo pat bay bon randman, paske moso tè yo pat ase gwo epi ti kiltivatè yo pa gen bon jan konesans pou jere yo.

Nan zòn nan gen kèk founisè materyèl ak machin ki pwofite sitiayson an pou fè anpil benefis. Anplis de sa, fòk nou rekonèt ke gwo nivo enflasyon peyi a te kontribye nan ogmantasyon pri entran sa yo.

Men, yo te konstate ke chak ane k'ap pase rekòt yo te vin pi mal. Dapre yon rapò Delegasyon Ministè Agrikilti a, ke Asosyasyon Ti Kiltivatè Vallegrande dakò avèk li, kòz prensipal move rekòt yo se maladi fitosanitè, move itilizasyon teknik pwodiksyon yo avèk tè yo ke yo fin souse tout ti eleman nitritif ki te ladan yo.

Yo te di tou ke rate dlo te youn nan rezon ki eksplike move randman nou te jwenn nan tè kiltive yo. Ti kiltivatè yo pa jwenn bon pwofi poutèt pri lavant pwodwi yo twò ba.

Lavant yo fèt nan menm zòn nan bay kèk entèmedyè angwo, ke nou kapab di ke se yo menm ki finn pa enpoze pri yo. Entèmedyè sa yo fòme yon gwoup ini epi kounye a yo enpòtan anpil pou lavant rekòt tomat yo. Yon bon pati nan kiltivatè yo pa konnen mekanis kouman mache a fonksyone.

Entèmedyè yo jistifye pri ba yo akòz move komunikasyon ki genyen nan rejon an. Fòk nou di tou ke tomat la pèdi anpil valè nan mache sa yo, akòz te vinn gen twòp tomat kap vann pandan sezón an, tout sa paske vin gen nouvo konpetitè sou mache a. Pou koulye a, yo gen entansyon idantifye epi fè kèk nouvo entèvansyon pou kapab bay gwoup sa a yon lavi miyò, kidonk yo pral fè:

Yon analiz sou tout gwoup ki enplike yo.

Yon analiz sou pwoblèm yo.

Yon analiz sou objektif devlopman yo.

Yon analiz sou altènativ yo.

Matris planifikasyon yon pwojè devlopman.

Ka 2: Montecito

Komin **Montecito** gen tout kalite pwoblèm sosyal ak ekonomik. Sèl sous dlo nan zòn nan se larivyè Curicó, ki fann komin nan. Zòn nan gen yon tanperati twopikal, avèk sezon lapli epi peryòd sechrès. Nan sezon ete, tanperati a konn rive nan 30°C, pandan ke nan sezon ivè tanperati a desann nan 19°C. Nan sezon ete ak otòn se gwo lapli ki konn tonbe.

Aktivite ekonomik prensipal la se agrikilti pou voye a letranje, pwodwi prensipal yo se bannann ak anana. Anplis aktivite agrikòl la gen tè kote yo fè elvaj bèf. Anpil fanmi gen kèk tè kote yo fè kilti pwodwi pou manje lakay yo (pòmdetè, pwa, mayi, etc.) avèk kèk bèt (espesyalman bèt volay ak kochon).

Fanm yo anjeneral gen yon patisipasyon ki enpòtan anpil nan pwodiksyon entèn nan epitou yo responsab tout travay nan kay la. Timoun yo, ki anpil, kolabore nan tout travay nan kay la, men yo pa ale lekòl regilyèman.

Nan dènye tan sa yo, plizyè rapò ki sòti nan sèvis sante yo te detekte yon gwo ogmantasyon mòtalite, sitou pamí timoun yo, akòz ogmantasyon maladi ki transmèt nan dlo. Maladi ke pwoblèm sa yo lakòz parèt byen klè nan kominote peyzan yo.

Sèvis medikal ak sanitè yo pa twò bon epi se aktivite gerizon yo plis fè. Sèl Sant Sante ki nan komin nan andedan yon kay ki pa respekte okenn kondisyon pou kalite aktivite sa yo. Ekipman debaz yo ak materyèl sanitè yo an movèzeta, epi se yon sèl enfimyè k'ap bay sèvis. Men nan komin nan gen senk doktè ki bay konsiltasyon nan klinik prive yo, ki pi pwòp epi ki pi bon, menm si pri yo anpeche popilasyon ki pi malere yo itilize sèvis yo. Apa sèvis medikal enstitisyonèl sa yo, gen anpil doktè fèy ki entèvni nan zafè lasante.

Jesyon dlo pou konsomasyon moun nan Montecito pa bon ditou. Pa gen okenn rezo publik pou founi dlo epi se fanm ak timoun ki toujou al chèche dlo larivyè ak nan pwi ki egziste nan zòn nan. Anplis de sa, yo pa konnen konsekans bwè dlo sal gen sou lasante epi yo pa fè okenn nan pratik ke yo rekòmande anjeneral yo: bouyi dlo, sèvi avèk filtè, etc. Epitou nan lekòl yo pa gen okenn pwogram espesifik sou edikasyon sanitè. Tout jan, se pa inyorans ki sèl lakòz move jesyon dlo a. Rapò ki egziste sou kalite dlo a montre ke li pa bon pou moun bwè. Yon kote, agrikilti nan zòn nan, ki base sou monokilti kèk gress pwodwi pou ekspòtasyon epi ekstansyon ki sòt fèt nan elvaj bèt, lakòz debwazman yon gwo pati nan rakkwa ki te egziste yo, sa ki vin ogmante ewozyon anpil. Yon lòt kote, itilizasyon anpil kantite pwodui chimik pou ogmante pwodiktivite a lakòz gwo kontaminasyon sous dlo ki anba tè yo, sa ki pote maladi nan popilasyon an k'ap tire dlo nan pwi.

Nan zòn nan tou gen kèk depotwa kote moun jete fatra san kontwòl, akòz rate ak move sèvis ke La Meri founi yo, sa ki kontribye anpil nan kontaminasyon rezèv dlo anba tè yo. Kominote a li menm pa gen okenn edikasyon konsènan jesyon fatra. Dlo larivyè Curicó kontamine anpil akòz, ewozyon ke nou déjà pale sou li, vye dlo sal ke y'ap jete ladan san kontwòl ak kontaminasyon endistriyèl ki sòti nan labatwa a ak nan yon izin kote yo trete po bèt.

Apre deskripsyon tou kout sa a sou sitiyasyon komin nan, pou koulye a, ekip planifikasyon an gen entansyon idantifye epi mete kanpe kèk nouvo entèvansyon pou kapab bay gwoup sa a yon lavi miyò, kidonk yo pral fè:

Yon analiz sou tout gwoup ki konsène yo.

Yon analiz sou pwoblèm yo.

Yon analiz sou objektif developman yo.

Yon analiz sou altènativ yo.

Matris planifikasyon yon pwojè developman

7. Lis pou eksplike tèm ki itilize yo

Ekri oswa fè yon pwojè: se mete sou papye tout objektif yo, trete enfòmasyon ki disponib yo, byen wè eleman ki enpòtan yo, analiz anviwònman an, tabli mekanis komunikasyon epi idantifye mezi ki pral sèvi pou fè kèk aksyon pou transfòme reyalite a.

Istorik: se tout sa ki gen yon rapò avèk analiz reyalite ke nou vle transfòme a. Li dwe gen ladan konsiderasyon politik, enstitusyonèl, sosyal, ekonomik ak kiltirèl. Nou kapab di ke se deskripsyon reyalite a.

Jistifikasyon: se seksyon kote nou mete reyalite ke nou dekri a an rapò avèk transfòmasyon ke nou vle fè a, sa vle di, rezon ki fè nou vle entèvni an. Definitivman, la a gen yon pozisyon politik ak ideyolojik.

Sitiyasyon: nou dwe dekri ak analize tout lòt entèvansyon k'ap fèt epi gade koneksyon yo genyen avèk pwopozisyon nou an ak jis ki kote nou vle rive.

Etap pwojè a: divès etap ki genyen nan devlopman yon pwojè. Anjeneral, sa vle di: ekri li, fè li, swivi ak evalyasyon. Chak etap gen ladan kèk eleman metòd ki nesesè pou li fèt.

Pwoblèm: se definisyon an - deskripsyon sitiayson (ki toujou negatif) ke nou vle chanje a, kidonk, rezoud li. Nòmalman, yon pwoblèm jeneral divize an lòt pwoblèm oswa sitiayson negatif nan diferan aspè reyalite a.

Objektif jeneral: se apwòch "pozitif" pwoblèm ke nou vle rezoud la oswa kontribye nan jwenn solisyon pou li a. Li prezante kòm si li te deja reyalize, sa vle di, kòm si pwoblèm nan te rezoud deja.

Objektif espesifik: se apwòch pozitif sou-pwoblèm yo, kidonk, li gen rapò dirèk avèk objektif jeneral la, sa vle di, se ladan li sòti. Li menm tou li prezante kòm si li te deja reyalize, epi se nan li menm ke rezulta ke nou vle jwenn yo prezante. Li rekòmande ke chak pwojè pwopoze yon sèl objektif espesifik ki reponn a apwòch altènativ ke yo chwazi pou rezoud pwoblèm santral la (oswa objektif jeneral la). Sizoka gen plizyè objektif espesifik ki gen rapò dirèk avèk yon objektif jeneral, li rekòmande pou ekri yon pwogram.

Kòz: nan analiz yon sitiayson patikilye, yo dwe defini ki kote oswa poukisa sitiayson endezirab sa a egziste oswa ke yo vle chanje a.

Efè: sa yo se konsekans ke sitiayson an genyen sou anviwònman an, moun yo, pwosesis yo, enstitusyon yo, politik yo, etc.

Rezulta (bi yo): se sitiayson ideyal la, sa nou vle rive jwenn nan apre nou fin fè kèk aksyon. Yo gen rapò dirèk avèk objektif espesifik la.

Aktivite (mwayen): se aksyon ki defini yo epi ki dwe reyalize pou rive jwenn rezulta yo. Men, yon aktivite ka gen ladan plizyè sou-aktivite.

Entran: se sa nou bezwen pou fè aktivite yo. Se kapab moun, enfrastrikti, ekipman, sipò lojistik, asistans teknik, rechèch, dyagnostik, etid, etc.

Sipozisyon: se faktè ekstèn oswa sitiayson ekstèn ki afekte oswa ki gen yon enflyans sou avansman pwojè a. Nòmalman yo prezante yo kòm pozitif, paske si se pa't sa, sa pa ta gen sans pou entèvni, amplis de sa yo deja pran risk yo an konsiderasyon depi lè y'ap ekri pwojè a.

Risk: se aspè oswa faktè ekstèn ki ka deranje devlopman pwojè a.

Enpòtans: se posibilité reyèl pou pwojè a fèt, menm avèk tout risk ki genyen yo, epi pou rive jwenn tout bon vre objektif transfòmasyon yo.

Endikatè ke ou kapab verifye san pati pri: se fason pou prezante prèv yon siksè avèk chif, li dwe baze sou done ke ou ka jwenn epitou bay yon tan ak yon espas.

Sous verifikasiyon: se tout dokiman yo, estatistik, rapò, etc. ki sèvi kòm baz pou endikatè yo.

Swivi: se yon aktivite ki fèt tout tan, yon fason pèmanan ak sistematik ke pwojè a dwe gen ladan epi ke moun k'ap fè'l yo dwe reyalize. Pou sa, yo dwe tabli kèk mekanis estanda ki prezante avansman pwojè a ak relasyon li avèk aktivite - rezulta epi objektif yo.

Evalyasyon: gen 2 kalite. Youn ekstèn, se ajan ekstèn pwojè a ki dwe fè li epi yo ka fè li pa lantremiz reyisit objektif yo, rezulta yo, etc. Epi, lòt la, se yon pwosesis entèn ki fèt apati swivi a, nou kapab di ke se lòt fas adoken an. Pou fè li, ou ka defini kèk moman espesifik, tout moun dwe patisipe ladan epi li pèmèt bay pwojè a yon lòt direksyon si sa nesesè.

Enpak: se yon chanjman oswa yon efè ke yo kapab kalkile oswa ke moun kapab wè.

Ensidans: se efè ki genyen sou pwosesis yo.

Kalandriye: se dat limit pou fè tout aktivite ki prevwa yo, pou rive jwenn rezulta ke yo espere yo. Li prezante sou fòm tablo, kote varyab yo se tan an avèk detay aktivite yo.

Matris planifikasyon: se yon tablo rezime kote nou ka fasilman wè objektif yo, rezulta yo ak aktivite yo, avèk sipozisyon yo nan diferan nivo epi endikatè ki korespondan yo ak sous verifikasiyon yo.

Lis depans: se pri total pwojè a, li dwe prezante an detay pou chak aktivite ak entran ki ale avèk yo pou fè yo. Li ka prezante nan plizyé fason, men anjeneral li prezante yon fason detaye oswa pou chak valè lajan ke pati ki konsène yo ap pote.

Kontribisyon ke yo mande: nan ka pwojè ki sibvansyone yo, se kantite lajan ke yo mande òganis k'ap bay lajan an ki se kantite lajan ki nesesè pou fè tout aktivite ki prevwa yo. Li prezante kòm yon pouvantaj pri total pwojè a; sa ki pèmèt yo wè kantite lajan yo byen klè.

Kontribisyon lokal: se kantite lajan likid oswa an nati ke òganis oswa gwooup ki fè demand la ap mete pou fè pwojè a epi chanje yon sitiaysyon espesifik. Li prezante tou kòm yon pouvantaj pri total pwojè a.

8. Referans ki rekòmande

CAMACHO, Hugo; CÁMARA, Luis; CASCANTE, Rafael ak SAINZ Héctor. *Apwòch kad lojik la: 10 ka pratik. Kaye pou identifikasiyon ak kreyasyon pwojè devlopman.* Aksyon Devlopman ak Koperasyon A.D.C. ak Fondasyon CIDEAL. Madrid, 2001.

CRESPO A., Marco A. *Gid pou kreyasyon pwojè sosyal komunitè apati apwòch kad lojik la. KOnsep esansyèl ak aplikasyon.* Caracas, 2010.

GÓMEZ GALÁN, Manuel ak SAINZ OLLERO, Héctor. *Sik pwojè koperasyon pou devlopman. Aplikasyon kad lojik la.* CIDEAL. Madrid, 1999.

NORAD. *Apwòch kad lojik la.* IUDC/UCM/CEDEAL. Madrid, 1997.

NORAD. *Evalyasyon pwojè èd pou devlopman yo. Liv enstrisksyon pou Evalyatè ak Manadjè.* IUDC/UCM/CEDEAL. Madrid, 1997.

ORTEGÓN, Edgar ak PRIETO, Adriana. *Metòd kad lojik pou planifikasyon, swivi ak evalyasyon pwojè ak pwogram.* ILPES & ECLAC. Piblikasyon Nasyonzini, 2005.

ROURA, Horacio ak CEPEDA, Horacio. *Liv enstrisksyon pou Identifikasiyon, Fòmilasyon ak Evalyasyon Pwojè Developman Riral.* Enstiti Latinoameriken ak Karayib pou Planifikasyon Ekonomik ak Sosyal-ILPES. Santiago de Chili, 1999.

SCHEJTMAN, Alexander aj BERDEGUÉ, Julio A. *Developman Territoryal Riral.* Divizyon Amerik Latin ak Karayib Fon Entènasional pou Developman Agrikòl (FIDA) ak Depatman Developman Dirab Bank Entèameriken Developman (BID). 2004

Liv enstrisksyon jesyon pwojè devlopman apati apwòch Kad Lojik la (AKL)

_____ *Metòd pwojè koperasyon pou devlopman.* AECID, Madrid 1999.

_____ *Liv enstrisksyon jesyon etap yon pwojè. Apwòch entegre ak kad lojik.* Komisyon Kominote Ewopeyèn. Briksèl. 1993.

_____ *Enklizyon pèspektiv sèks nan jesyon kominal.* AECID / Fondasyon DEMUCA. San José, 2000.

_____ *Liv enstrisksyon koperasyon desantralize pou devlopman.* Bibliyotèk Debaz Katye N. 9. IEPALA Editorial. Madrid, 1999.